ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№18 (24.300) • 2022 гъэм мазаем (февралым) и 19, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

# ЩытыкІэр зэпІэзэрытщ

**КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІа «щІыналъэ сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ республикэм и эпидемиологие щытыкІэм, лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащІэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми. Абыхэм ятеухуа я еплъыкІэхэр зэІущІэм къыщаІуэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэ Къуныжь МуІэед, республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам сымэ.**



«ДЫЗЭРЫГУГЪАУЭ, къэпщытакІуэхэм жаІахэмрэ нэхъапэкІэ узыфэм зэрызиубгъуам теухуауэ диІэ еплъыкІэхэм тещІыхьауэ, мы зэманым коронавирус узыфэ зэрыцІалэр зыпкърытхэм я бжыгъэр мин никъуэм нэблагъэу аращ, абыхэм я нэхъыбэм амбулаторэ кІэлъыплъыныгъэм щІэту загъэхъуж. Мазаем и 6-м щегъэжьауэ сымаджэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэшхуэ щыІэкъым, апхуэдэу щытми, щытыкІэр иджыри гугъущ. Дэ апхуэдэ Іуэхум дыхуэхьэзырт. Узыр къызэрахутэ тест-системэхэр, хущхъуэхэр нэхъ пасэу къэтщэхуащ, сымаджэхэр зыхуэныкъуэ чэнджэщхэр щрат «122» контакт-центр ин къызэІутхащ. Курыт школхэм щеджэхэр загъэпсэхуну зэрыдутІыпщам и фІыгъэкІэ узыфэм зэрызиубгъур нэхъ кІащхъэ хъуащ. Тест-къэпщытэныгъэхэр цІыху нэхъыбэм я деж щедгъэкІуэкІыу щІэддзащ, хущхъуэхэр зэпэубыдауэ щытами, махуэ куэдкІэ щызэпыу къэмыхъуу сымаджэхэр зыхуэныкъуэхэмкІэ къыздгъэпэщыфащ. КъищынэмыщІауэ, контакт-центрым и лэжьакІуэхэр нэхъыбэ тщІащ. Узыфэ зэрыцІалэм щеІэзэ госпиталхэм щылажьэхэм я улахуэхэм яхущІыдгъуащ. ЩытыкІэм дыпоплъэщ», - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм.

Мы зэманым ОРВИ, коронавирус узыфэ зэрыцІалэр япкърыту амбулаторэ кІэлъыплъыныгъэм щІэтщ цІыху 13 659-рэ. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым къызэрыхигъэщамкІэ, мазае мазэм апхуэдэ сымаджэу мин 20-м щІигъу хущхъуэкІэ къызэрагъэпэщащ. Зы жэщ-махуэм къриубыдэу «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэр» сымаджэ миным нэблагъэм ираджэ.

Махуэ къэс тест къэпщытэныгъэу мини 4 ирагъэкІуэкІ, абыхэм ящыщу 500-м нэблагъэм коронавирус узыфэ зэрыцІалэр япкърыту къахутэ. Госпиталхэм гъуэлъыпІэ 1285-рэ щІэтщ, сымаджэу 1031-рэ щІэлъщ. КислородкІэ ягъэбауэхэр 417-рэ мэхъу. Зы жэщ-махуэм къриубыдэу госпиталхэм щІагъэгъуалъхьэ сымаджи 110-м нэблагъэ, апхуэдиз дыдэ хъужауэ щІатхыкІыж. Реанимацэхэм щІэлъщ цІыху 95-рэ, абыхэм ящыщу 11-р ИВЛ аппаратым пыщІащ.

Къалэбатэ Рустам тепсэлъыхьащ коронавирусым зэрыпэщІэт вакцинэр зыхезыгъэлъхьахэм узыр зэрырахьэкІым. Мы зэманым госпиталхэм щІэлъ сымаджэхэм ящыщу мастэр зыхаІуар цІыхуи 160-рщ. Узыр хьэлъэу езыхьэкІ сымаджэхэр 27-рэ мэхъу. Вакцинэр зыхалъхьауэ сымаджэхэм ящыщу 20-м ар зэрырахьэлІэрэ мазихым щІигъу дэкІащ. ЗэрызыхрагъэІурэ куэд мыщІахэм узыр нэхъ тыншу ящхьэщокІ. Дзэлыкъуэ, Іуащхьэмахуэ, Прохладнэ районхэм, Прохладнэ къалэм вакцинэр цІыхухэм халъхьэныр нэхъ къызэгъэпэщауэ щокІуэкІ.

Республикэм и Іэтащхьэм хэкъузауэ къыхигъэщащ цІыхухэм вакцинэр зыхрагъэлъхьэным къыхуеджэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ а мастэр сэбэп зэрыхъур. ЩІыналъэ унафэщІхэр жыджэру а Іуэхум иужь итын хуейщ. Пандемием дызэрыпэщІэтыфынур вакцинэращ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Апхуэдэу «щІыналъэ сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ республикэм лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзащІэм, абы хыхьэуи кхъахэ хъуа унэхэм цІыхухэр къыщІэгъэкІыным теухуауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхухэм. Мусуков Алий и гугъу ищІащ 2022 гъэм лъэпкъ проектхэм хыхьэу «Дэтхэнэ зы сабийми и ехъулІэныгъэ», «Щэнхабзэ», «ЗэфІэкІ зыбгъэдэлъ цІыхухэр», «Къалэ зэІузэпэщ» щІыналъэ проектхэр зэрагъэзэзэщІэнум. Абыхэм псоми мылъку хухахащ икІи ахэр щагъэзэщІэну щІыналъэхэм яІэрыхьащ. Гъатхэпэм и 1 пщІондэ абы и лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэкІыну зэпеуэхэр зэфІэкІауэ щытын хуейщ.

Республикэм и Іэтащхьэм щІыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэм пщэрылъ ящищІащ щІыналъэхэм лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзащІэм щІэгъэхуэбжьауэ кІэлъыплъыну икІи лэжьыгъэм и фІагъыр ткІийуэ къапщытэну, хуей хъумэ, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэр Іуэхум къыхашэнуи къыхуриджащ. «Хабзэм къызэригъэувым дытетыпхъэщ. Лэжьыгъэр зыщІэхэм къагурыгъэІуэн хуейщ хьэрэмыгъэншэу я къалэныр зэрагъэзэщІапхъэр, пІалъэ ягъэувар къызэпауд зэрымыхъунур. ВжызоІэ: зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуар фІагъ иІэу икІи и чэзум зымыгъэзащІэр жэуапым ешэлІа хъунымкІэ схузэфІэкІ къэзгъэнэнукъым, хабзэхъумэ Іэнатlэ псоми захуэзгъэзэнущ. Дэ дыщІэлажьэр ди цІыхухэращ. Зыгуэр фпэдубыдынуи хуитыныгъэ диІэщ: фи фейдэ къыхэвгъэкІын папщІэ цІыхухэм я гъащІэм фи зэран евмыгъэкІ. Іуэхум и ужь фихьэрэ, и кІэм фхунэмыгъэсу проектыр зэхэвгъэзэрыхь нэхърэ лэжьыгъэр щІэвмыдзэххэмэ нэхъыфІщ. Ар сэ си еплъыкІэщ!» - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Республикэм и Іэтащхьэм район унафэщІхэр къыхуриджащ, дунейм и щытыкІэр къалъытэу, гъатхэпэ мазэми емыжьэу, я щІыналъэхэр зэщІэкъуэн, гъэкъэбзэн лэжьыгъэм щІадзэну.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**

# Іэмалхэм зэдогупсыс

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Москва щыІущІащ бгъэІэпхъуэ мыхъу мылъкухэм ехьэлІа проектхэмрэ активхэмкІэ управленэм и унафэщІ, «ВЭБ. РФ» къэрал корпорацэм и правленэм хэт Тарабрин Александр.**

«ВЭБ. РФ»-р къэрал инвестицэхэм я банкщ, экономикэм зегъэужьыным тещІыхьа проектхэм мылъку хелъхьэ. Промышленностым, инфраструктурэм, псэуныгъэм я проектышхуэхэр егъэкІуатэ, унеи банк щхьэхуэхэми ядолажьэ.

КІуэкІуэмрэ Тарабринымрэ тепсэлъыхьащ ухуэныгъэмрэ инфраструктурэмрэ зегъэужьынымкІэ республикэм проектхэр щыгъэхьэзырыным. КъытеувыІахэщ активхэм ятеухуауэ щІыналъэм щыІэ щытыкІэм. Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щІыІэ «Къэббалъкъгипс» ІуэхущІапІэм и лэжьыгъэр зэтеублэжа хъуным зи мылъку къыхэзылъхьэн къэгъуэтынми и гугъу ящІащ.

ЗэгурыІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ проект щхьэхуэхэм я ІуэхукІэ зэдэлэжьэну, экономикэ и лъэныкъуэкІэ щыІэ Іэмалхэм зэдегупсысыну.

# Республикэм и медиахолдингым и унафэщІ Бежан Беслъэн

**«КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІу мазаем и 17-м ягъэуващ иужь лъэхъэнэм абы и къалэнхэр зыгъэзэщІа Бежан Беслъэн.**



КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм Бежан Беслъэн фІыуэ къыщацІыху икІи пщІэ къыщыхуащІ. Абы лэжьэн щыщІидзащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым. ИужькІэ, 2010 гъэм, КъБР-м ЩІалэгъуалэ ІуэхухэмрэжылагъуэзэгухьэныгъэхэмкІэ и къэрал комитетым и ІэщІагъэлІкъэпщытакІуэ пажэ хъуащ. А илъэс дыдэм ягъэуващ КъБР-м ХъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ къэрал комитетым и къудамэм и унафэщІу.

2014 гъэм щыщІэдзауэ къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр ехъулІэныгъэкІэ ирехьэкІ. Ар илъэсищкІэ лэжьащ ди республикэм и ХъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэу. Япэ класс зиІэ КъБР-м и къэрал чэнджэщэгъущ.

2017 гъэм къызэрагъэпэща «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэу, 2018 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ абы и Іэтащхьэм и къалэнхэр игъэзащІэу къокІуэкІ. Къэрал дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ.

КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ КъБМКъУ-р къиухащ, иужькІэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Къэрал къулыкъумкІэ Кавказ Ищхъэрэ академием.

Унагъуэщ. Бынищ иІэщ.

adyghe@mail.ru adyghepsale.ru apkbr.ru smikbr.ru adyghepsale Адыгэ Псалъэ



# Лъэныкъуэ куэд къызэщІиубыдэу

**Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и комиссэм, Правительствэм ЩІыналъэхэм зегъэужьыныгъэмкІэ и штабым, УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм и коллегием зэхэту къызэрагъэпэща зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Хуснуллин Марат** и нэІэ щІэту екІуэкІа зэхыхьэм къыщыпсэлъащ УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгъу, Къэрал Советым и тхьэмадэ **Левитин Игоррэ** абдежым щыІэ комиссэм и пашэ **Минниханов Рустамрэ**, зи гугъу тщІы министерствэм и тхьэмадэ **Файзуллин Ирек**, федеральнэ властым и гъэзэщІакІуэ ІуэхущІапІэхэм я лІыкІуэхэр, щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэм къыщапщытэжащ УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм гъэ блэкІам хузэфІэкІахэр. Апхуэдэуи, къызэхуэсахэр щхьэхуэу хэплъащ 2030 гъэ пщІондэ къэралым и экономикэм ухуэныгъэмкІэ и къудамэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ зэрызаужьын хуейм тещІыхьа программэм.

Левитин Игорь къыщыпсалъэм къыхигъэщащ къэралым псэупІэщІэхэр щыщаухуэкІэ Іэмалуи тегъэщІапІэ нэхъыщхьэуи къыхахыпхъэр. Ар иджырей пщалъэхэмрэ технологиещІэхэмрэ тещІыхьа унэтІыныгъэхэм тетынырщ.

«УФ-м и Президентым Іэ зыщІидза дэфтэрым зэритымкІэ, къэралым и экономикэм дежкІэ мыхьэнэ ин зиІэщ къалэхэмрэ абыхэм къедза Іэгъуэблагъэмрэ ухуэныгъэщІэхэр къыщрахьэжьэкІэ а Іуэхур зэгъэщІылІа икІи зылъэІэс лъэныкъуэ псори зэщІэгъэуІуэныр икІи зэдегъэкІуныр. Апхуэдэщ, унэщІэхэр къыщаІэт хьэблэхэм къыщыунэху автомашинэ зекІуапІэщІэхэр зыхуей хуэгъэзэнри, жьы хъуа унэхэмрэ къамыгъэсэбэпыж промышленнэ ІуэхущІапІэхэмрэ здэщыт щІыпІэхэм зэхъуэкІыныгъэ инхэр къазэрыщыпэплъэри, къалэхэм зыгъэпсэхуакІуэу къыдыхьэхэм я бжыгъэм кІэремыгъэхунымкІэ ІэмалыщІэхэр къызэрыгъэсэбэпыпхъэри», - щыжаІащ зэІущІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэтщтэнщи, 2021 гъэм фэтэр куэд зыхэт унэу 39-рэ щаухуащ. Ар, метр зэбгъузэнатІэу яхузэфІэкІам тетщІыхьмэ, 2020 гъэм зрагъэхъулІам елъытауэ, проценти 2,8-кІэ нэхъыбэщ,

Къалэхэм ухуэныгъэхэр щІэгъэхуэбжьауэ щрагъэкІуэкІыныр, шэч хэмылъу, елъытащ абыхэм хухах щІыпІэр псыкІэ ирикъуу къызэрызэгъэпэщами. А лъэныкъуэмкІэ къыхэгъэщыпхъэщ 2022 - 2024 гъэхэм ди республикэм и къалащхьэм щрагъэжьэну ухуэныгъэхэм псы ешэлІэным, къагъэсэбэпар Іушыжыным пыщІа инженер Іэмалхэр зыхуей щыхуэгъэзэнымкІэ, федеральнэ, щІыналъэ бюджетхэм къахэкІыу, сом мелардым щІигъу зэрыхухахари.

ЗэІущІэм кърикІуахэр щызэхилъхьэжым, республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ: «Налшык къагъэсэбэпа и псыр лъэныкъуэкІэ Іузыш инженер ухуэныгъэхэр зэхъуэкІын щІэдзэнри, а лъэныкъуэмкІэ Тырныауз къалэм хухэха проектыр зэхэгъэувэныр и кІэм нэгъэсынри 2022 гъэм зэфІэдгъэкІыну ди мурадщ. Мы зэманым щІэддзащ Бахъсэн и псыхъуащхьэхэмкІэ щыІэ Азау хуейм деж къыщыщІэдзауэ Эльбрус посёлкэм нэс псы къагъэсэбэпар зэрыІуаш коллекторыр зэгъэпэщыжыныр. Гъэ къакІуэ Дзэлыкъуэ щІыналъэм ит къуажэхэр псы къабзэкІэ къызэгъэпэщыным хуэгъэза лэжьыгъэми пытщэнущ. Проектхэм я нэхъыбэр «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и зыужьыкІэ» къэрал программэм хеубыдэ».

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей - Пэжым и телъхьэ» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ советыр абы и Аппаратым и унафэщІ **Къармэ Аслъэн Владимир и къуэм** хуогузавэ и адэ **Къармэ Владимир ТІалэ и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу. Фи гуауэр вдыдогуэш.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ Налшык округым и православнэ члисэхэм я благочиннэ, протоиерей **Бобылев Валентин Николай и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Бобылев Сергей Николай и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

# УнагъуэщІэхэм яхуэгъэза гулъытэ

**Бахъсэн къалэм и администрацэм и унэм дыгъуасэ зэІущІэ гуапэ щекІуэкІащ. ЩІыпІэм и унагъуэщІэ зыбжанэм абы щратыжащ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ къэралым къазэрыритым щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр. А мылъкумкІэ зэщхьэгъусэхэм псэупІэ унэ хьэзыр къащэхуми уней лъапсэ ирыращІыну къагъэсэбэпми хъунущ.**

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, «ПсэупІэ» федеральнэ лъэпкъ проектым и гуэдзэну ди къэралым илъэс зыбжанэ лъандэрэ щолажьэ «УнагъуэщІэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщын» Іыхьэр. Абы зэрыщІидзэрэ блэкІа илъэс 15-м нэблагъэм къэралым къарит социальнэ дэІэпыкъуныгъэр къагъэсэбэпакІэщ щІыналъэм и унагъуэщІэ 90-м щІигъум, сабий куэд щапІ унагъуэу 66-рэ яхэту. Языныкъуэхэм апхуэдэ щІыкІэкІэ я псэукІэр ирагъэфІэкІуащ, адрейхэм псэупІэ щхьэхуэ зэгъэпэщынымкІэ яунэтІащ мылъкур, уней лъапсэ ухуэным хэзылъхьаи щыІэщ.

Мы махуэхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтащ щІыпІэм и унагъуэщІэу 8-м. Абыхэм ящыщу 6-м сабий куэд щапІ.

- Ди гуапэ мэхъу унагъуэщІэхэм апхуэдэ къэрал гулъытэ зэрагъуэтыр. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ унагъуэу тІыса зи щІалэгъуэхэм я гур яфІэмыкІуэду, гушхуэныгъэ яІэу пщэдейрей махуэм хэбэкъуэнымкІэ, лъэ быдэкІэ гъащІэм хэувэнымкІэ, - жеІэ Бахъсэн къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим.

ЩІыпІэ унафэщІым къызэрыхигъэщамкІэ, апхуэдэ лэжьыгъэхэм дяпэкІи пащэнущ икІи 2022 - 2025 илъэсхэм кърикубыдэу унагъуэщІэу 40-м иджыри мылъкукІэ зыщІагъэкъуэфынущ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



# Мы махуэхэм

**Мазаем и 19,**
*щэбэт*

♦**Джейхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Тыркумэным и Къэрал ныпым и махуэщ**
♦**Къыргъызым и финанс полицэм и лэжьакІуэм и махуэщ**
♦**Арменим щагъэлъапІэ тхылъхэр тыгъэ щІыным и махуэр**
♦**Исландием и цІыхубзхэм я махуэр хуагъэлъапІэ**
♦**1954 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ Кърым областыр РСФСР-м хагъэкІри, Украинэм иратащ.
♦**1949 гъэм** къалъхуащ адыгэ макъамэдж **Къардэн Юлие**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

**Мазаем и 20,**
*тхьэмахуэ*

♦**ЦІыхухэр зэхуэгъэдэным и дунейпсо махуэщ**
♦**1975 гъэм** хьэуам зыщыхъумэжынымкІэ дзэхэм я махуэр ягъэуващ.
♦**1940 гъэм** Налшык къалэм ІэфІыкІэ щащІ фабрикэ къыщызэІуахащ.
♦**1897 гъэм** къалъхуащ адыгей драматург, усакІуэ **Кубэ Билъостэн**.
♦**1931 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакІуэ **Теувэж Хьэбиб**.
♦**1935 гъэм** къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Гъащтэ Абдул**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, жылагъуэ лэжьакІуэ **ХьэІупэ ДжэбрэІил**.
♦**1951 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, УФ-м и Къэзыбж палатэм и къэпщытакІуэ, Москва и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и щІыхь» медалыр зрата **Дзыбэ Мусэ**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм, КъБР-м щІыхь зиІэ я артисткэ **БжэІумых Барисэт (Бэллэ)**.
♦**1979 гъэм** къалъхуащ «Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ, КъБР-м и Правительствэм и ЩІыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Истэпан Залинэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

**Мазаем и 21,**
*блыщхьэ*

♦**Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ**. ЮНЕСКО-м 1999 гъэм къищта унафэм ипкъ иткІэ ягъэлъапІэ.
♦**Экскурсиер езыгъэкІуэкІым и дунейпсо махуэщ**
♦**1819 гъэм** Санкт-Петербург къэрал университетыр къызэІуахащ.
♦**1885 гъэм** Нью-Йорк Вашингтон Джордж и фэеплъ щагъэуващ.
♦**1920 гъэм** Урысейр электрификацэ щІынымкІэ и къэрал комиссэр (ГОЭЛРО) къызэрагъэпэщащ.
♦**1846 гъэм** къалъхуащ Чехием щыщ тхакІуэ, усакІуэ, адыгэхэм я псэукІэм мызэмытІэу тетхыхьа **Чех Сватоплук**.
♦**1874 гъэм** къалъхуащ Абхъазым и цІыхубэ усакІуэ, узэщІакІуэ, абхъаз литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Гулиа Дмитрий**.
♦**1922 гъэм** къалъхуащ шапсыгъ тхакІуэ цІэрыІуэ Лохвицкий **Михаил (Аджыкъу-Джэрий)**.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, УФ-м, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Урысей академием и член-корреспондент **Тембот Аслъэнбий**.
♦**1949 гъэм** къалъхуащ къэфакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Нэгъуд Борис**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Сабырым и щІагъ дыщэ пщІащэ щІэлъщ.**

# Лъэпкъым и къарур зыхъумэ

**«Зи бзэр фІыуэ зымылъагъум и Хэкум гулъытэ нэс хуиІэнукъым. Зи бзэр къызыфІэмыІуэху цІыхур мыгъасэщ. Абы и бзэр къыщІыфІэмыІуэхур и лъэпкъым и блэкІари, нобэри, къэкІуэнури зыуи къридзэркъыми аращ», - жиІэгъащ Паустовскэм.**

ГУПСЫСЭШХУЭ зыщІэлъ мы псалъэхэр зыщагъэгъупщэ хъунукъым зи лъэпкъым и къэкІуэнум игъэпІейтей, абы зи щхьэм, зи бзэм пщІэ хуэзыщІыж щІэблэ узыншэ къыщІэхъуэныр зыгъэнэхъапэ дэтхэнэми, сыту жыпІэмэ дунейм и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэщ бзэр. ЩІы хъурейм лъэпкъыу тетым я тхыдэр, зэрахьэ хабзэхэр, адрейхэм къазэрыщхьэщыкІ я лъэпкъ нэщэнэхэр, гупсысэкІэмрэ псэукІэмрэ къозыгъащІэу щыІэр абыхэм я анэбзэрщ. Анэдэлъхубзэр бзэ къудейкъым - ар лъэпкъым и гущІэм узэрынэсыфщ, и гупсысэхэм уазэрылъэІэсыф Іэмэпсымэ къызэрымыкІуэщ.

Мы гъэм илъэс 23-рэ хъуауэ къэрал куэдым щагъэлъапІэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр. 1999 гъэм ЮНЕСКО-м абы хуэунэтІа унафэ щхьэхуэ къищтащ. Ар траухуащ мазаем и 21-м. 1962 гъэм и апхуэдэ махуэм зи анэдэлъхубзэр зыхъумэжыну къэува цІыху гупышхуэ Бангладешым щызэтраукІауэ щытащ. А махуэр дунейпсо тхыдэм къыхэнащ къарурэ бжыгъэкІэ нэхъыбэ лъэпкъым зи гуащІэр мащІэ, зи хуитыныгъэкІэ дэкъуза лъэпкъыр зыхидзэфынкІэ хъуну бэлыхьым и щапхъэ фІыцІэу. Апхуэдэ афІэкІа къэбгъэхъу зэрымыхъунум, сыт хуэдэ лъэпкъри и бзэм хуэсакъын зэрыхуейм я дамыгъэщ а махуэр.

Зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ а хъугъуэфІыгъуэ иныр, къэхъугъэ лъапІэ бзэр, ар зи бжыгъэкІэ нэхъ лъэпкъ мащІэ дыдэм ейуи ирехъуи, кІуэдыжыныр ебгъэщхь хъунущ гузэвэгъуэ инхэм. Бзэр щымыІэжмэ, дунейм токІуэдыкІыж илъэсищэ бжыгъэкІэ лъэпкъ щхьэхуэм иухуа и хабзэр, щэнхабзэр, езы лъэпкъри адрейхэм яхошыпсыхьыж. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нэхъ лъэпкъышхуэхэм я бзэм лъэпкъ мащІэхэм я щэнхабзэри анэдэлъхубзэри утыкум ирегъэкІ. Зи анэдэлъхубзэр нэсу къызымыгъэсэбэпым и къарур хуэмурэ щІокІри, ар нэгъуэщІхэм яхошыпсыхьыж.

Аращи, Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр лъэпкъыр хъума хъунымкІэ бзэхэм яІэ мыхьэнэшхуэм иджыри зэ псори дезыгъэгупсысщ, ди анэбзэр мыкІуэдыжын, абы зиужьын папщІэ, ди къаралымрэ дуней псомрэ щызекІуэ хабзэхэр ди тегъэщІапІэу, дэтхэнэми ди къалэн дгъэзэщІэным дыкъыхуезыджэщ.

Мы махуэхэм ди республикэм щокІуэкІ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм теухуа зэІущІэхэр, курыт школхэм, сабий гъэсапІэхэм щаублащ мазэ лэжьыгъэхэр. Ахэр яхуэгъэпсащ ди щІыналъэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми и анэдэлъхубзэм и дахагъыр, къабзагъыр, абы и зэфІэкІыр игъэлъэгъуэным, зыІурылъ лъэпкъым емылъытауэ бзэ псори мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ хуэгъэлэжьэным.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Гурылъыр къызэраІуатэ

Анэдэлъхубзэр анэ гумащІэм хуэдэщ.

Анэдэлъхубзэр хущхъуэ пэлъытэщ.

Бзэр гурылъыр къызэраІуатэ Іэмалщ.

Дэтхэнэ зы лъэпкъми и тхыдэм нэхъыфІу щыгъуазэ зэрызыхуэпщІыфынур абы и анэдэлъхубзэмкІэщ.

Бзэр лъэпкъым и гупсысэхэр къызэрыщ гъуджэщ.

Акъыл закъуэкІэ бзэр къыпхуэгъэщІынукъым, ар лъэпкъпсо хъугъуэфІыгъуэщ.

ЦІыхум узэрыщыгугъ хъунур къирипщІэфынущ ар и анэдэлъхубзэм зэрыхущытымкІэ.

* * *

Уи Хэкур фІыуэ пхуэлъагъунукъым, уи анэдэлъхубзэр фІыуэ умылъагъуу.

**Паустовский Константин.**

Зи бзэм елъэпауэр уи псэми елъэпэуэфынущ. Бзэмрэ псэмрэ зэтохуэ.

**Елбэрд Хьэсэн.**

Бзэр зей лъэпкъым и тхыдэщ.

Бзэр лъэпкъым и зыужьыныгъэмрэ щэнхабзэмрэ уахуэзышэ гъуэгущ.

**Куприн Александр.**

Бзэр блэкІа зэманым и псыежэхым ухэзышэ псытепхъэщ, абы ухуешэ япэ итахэм я псэупІэм. АтІэми абы нэсыфынукъым псы куум щышынэ цІыхухэр.

**Иллич-Свитыч Владислав.**

Лъэпкъым бгъэдэлъ къулеигъэ нэхъыщхьэ дыдэщ и бзэр! Илъэс мин бжыгъэкІэ абы щызэхуахьэс икІи игъащІэкІи щахъумэ цІыху гупсысэмрэ лэжьыгъэмрэ къапыкІ хъугъуэфІыгъуэ псори.

**Шолохов Михаил.**

Лъэпкъым и анэдэлъхубзэм зытезышащІэм абы и гум, и псэм зытришащІэу аращ.

**Лаубе Генрих.**

Лъэпкъым и щыІэкІэ-псэукІэр, и хьэл-щэныр къэпщІэну ухуеймэ, абы и анэдэлъхубзэр зэгъащІэ.

**Пифагор.**

Бзэм къызэщІеІэтэри зы ещІ зей лъэпкъым щыщ цІыхухэри ахэр щалъхуа я щІыналъэри. Бзэращ япэ итахэри, иджыпсту псэухэри, къэкІуэну щІэблэхэри зэпызыщІэ къару нэхъ лъэщ дыдэу щыІэр.

**Ушинский Константин.**

# Абы нэхъ ІэфІ щыІэ?

**«Адыгэбзэр сыт щІэдджынур,**
**Здынэсыр КъалэкІыхьырщ», -**
**Ар ауану Іэджэм жаІэр,**
**Мышыу псалъэм тІэкІу хэчыхьу.**
**ЩызэхэсхкІэ сэ а псалъэр**
**А гушыІэр сигу темыхуэ.**
**Станцым нэскІэ унигъэсмэ,**
**Ар бзэм дежкІэ уфІэмащІэ? ...**



КІыщокъуэ Алим и «Гъуэгу къежьапІэ» усэм щыщ мы сатырхэр си гум илъ зэпытщ. Уи анэдэлъхубзэр зумыпэсмэ, зумыгъащІэмэ, укъэзылъхуа уи анэр, укъызыхэкІа уи лъэпкъыр фІыуэ умылъагъуу аракъэ абы къикІыр? НтІэ, апхуэдэхэр сэ сфІэтхьэмыщкІэщ.

Къалэм сыкъыщыхъуами, сыкъэзыцІыхухэм ягъэщІагъуэу, адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэу сылэжьэну сыхъуапсэу, КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм илъэсихкІэ сыщеджащ. ИкІи къызэхъулІащ си хъуэпсапІэр. ЕджапІэ нэхъыщхьэр къэзухри фІыуэ слъагъу, сыщеджа си школым адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэу згъэзэжауэ сыщолажьэ илъэс ещанэ хъуауэ. СрогуфІэ икІи срогушхуэ абы.

СызэрыцІыкІурэ си анэдэлъхубзэр фІыуэ слъагъурт, сыдихьэхырт. Бзэм ехьэлІа зэпеуэхэми зыри блэзмыгъэкІыу сыхэтт икІи япэ увыпІэхэр къыщысхьырт. Сехъуапсэрт си бзэр фІыуэ зэзгъащІэу ар адрейхэми нэхъыфІу езгъэлъагъуным, къалэдэс сабийхэр абы дезгъэхьэхыу я анэдэлъхубзэмкІэ хуиту псалъэу езгъэсэным.

Университетым сыщыщІэсым егъэджакІуэу сиІа Къардэн Мусадин къысхуигъэфэщауэ щытащ адыгэбзэ зэзыгъащІэ сабийхэм папщІэ ягъэхьэзыра щыта «Кавказ Ищхъэрэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэм я инновацэ проектхэр» зэпеуэм сыхэтыну. СфІэфІу, си гуапэу абыи иужь сихьащ. ЕхъулІэныгъэхэри дыщІиІауэ щытащ а Іуэхум: щІыналъэпсо зэпеуэм етІуанэ увыпІэр къыщысхьат, фІыщІэ тхылъи къытхуагъэфэщат. Иджыпстуи сыхэтщ апхуэдэ Іуэхухэм. Псалъэм папщІэ, ди школым къыщызэзгъэпэщауэ гуащэ театр гупжьей щызогъэлажьэ. Абы сабийхэр яфІэфІу къокІуалІэ. ГуащэхэмкІэ джэгуурэ адыгэбзэкІэ зопсалъэ. Езы цІыкІухэми ягу ирихьащи, нэхъыбэрэ дерсым щІэсыну гукъыдэж яІэщ. Зэпеуэхэр едгъэкІуэкІати, абыи дыщытекІуащ. ЦІыкІухэри абы тригъэгушхуащ икІи нэхъ псынщІэу бзэр зэрызрагъэщІэным хущІокъу.

Си щІэныгъэм адэкІи хэзгъэхъуэну сыщІохъуэпсри, Іэмал сиІэху, сокІуэ егъэджакІуэхэм я зэфІэкІым щыхагъахъуэ курсхэм. Апхуэдэ еджэныгъэ сызыхэтахэр хуабжьу щхьэпэ схуэхъуащ. Курсхэм щызэхэсха, щыгъуазэ сызыхуэхъуа Іуэху бгъэдыхьэкІэ пэрытхэм ящыщ куэд, зэзгъэгъуэта щІэныгъэщІэхэр иужькІэ си лэжьыгъэм къыщызгъэсэбэпащ, дэІэпыкъуэгъуи къысхуэхъуащ. Апхуэдэу гукъыдэж сиІэу сыхэтщ бзэмкІэ ди щІыпІэм щекІуэкІ щІэныгъэ-практикэ семинархэм, сфІэфІщ лъэпкъ радиом садэлэжьэн.

Сабийхэм бзэр нэхъ тыншу зэрызрагъэщІэн Іэмал куэд щыІэщ мы зэманым, ар дапхуэдэу щытынуми езыхэм къыхахыну хуитыныгъи яІэщ. Сэри дяпэкІи схузэфІэкІымкІэ абыхэм садэІэпыкъунущ я анэдэлъхубзэр фІыуэ ялъагъуу, ар нэхъ кууэ яджыным хущІэкъуу, гъащІэм щащымыгъупщэу къадекІуэкІыфын папщІэ. ЗэрытщІэщи, къыбдалъхуа бзэм нэхърэ нэхъ ІэфІу щыІэр ар къыпІурызылъхьа анэм и закъуэщ.

**КЪАРМЭ Миланэ,**
*Налшык дэт гимназие №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ.*




# Адыгэбзэ

**Ди Іуащхьэмахуэ**
**Уафэм ныщІоуэ,**
**Бахъсэн уэрыжьыр**
**КъуакІэм щызоуэ,**
**Мы ди хэкужьыр**
**Дуней телъыджэщ,**
**Ди адыгэбзэр**
**Абы и гъуджэщ.**

**Зи бзэр зыфІэдахэр**
**Ар лъэпкъ узыншэщ,**
**Зи бзэм хуэлажьэр**
**Ар лъэпкъ уахътыншэщ,**
**Адыгэ лъэпкъыр**
**Дызэкъуэтынщ,**
**Ди бзэм и щІыхьыр**
**Лъагэу тІэтынщ.**

**Ди адыгэбзэр**
**Мывэ джей бидэщ,**
**Илъэс мин куэдхэр**
**Абы и тхыдэщ,**
**Псы къелъэм хуэдэу**
**Ар къарууфІэщ,**
**Ди лъэпкъ гъэфІэну**
**ДызэрыгуфІэщ.**

**Зи бзэр зымыдэу**
**Зы лъэпкъ щымыІэ,**
**Зи хэку епцІыжу**
**Зы лъэпкъ щымыІэ,**
**Зи бзэр зыхъумэр**
**Мис ар лъэпкъ къабзэщ,**
**Бзэм пщІэ хуэщІыныр**
**Лъэпкъхэм я хабзэщ.**

**Мы дунеишхуэм**
**Лъэпкъ куэд щызокІуэ,**
**Зи бзэм хъуэсакъхэр**
**Зэманым токІуэ,**
**ГъащІэ хъуэпсэгъуэр**
**ЩІылъэм щаухуэ.**
**Апхуэдэ щапхъэм**
**Дэ дегъэгушхуэ.**

**Ди адыгэбзэм**
**Лъэпкъыр зэпещІэ,**
**БлэкІа зэманхэр**
**Дэ къыдегъащІэ,**
**Ди нартыжь лъэпкъым**
**Уэрэд хуеусыр,**
**Ди лъэпкъ хъыбархэр**
**Дэни нехьэсыр.**

**Зи бзэр зыфІэдахэр**
**Ар лъэпкъ узыншэщ,**
**Зи бзэм хуэлажьэр**
**Ар лъэпкъ уахътыншэщ.**
**Адыгэ лъэпкъыр**
**Дызэкъуэтынщ,**
**Ди бзэм и щІыхьыр**
**Лъагэу тІэтынщ.**

ЩОДЖЭН Аслъэнджэрий.
*2004 гъэ*



# Дызэрыгушхуэ Хьэlупэ Джэбрэlил

*Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ артист, УФ-м и Композиторхэм я союзым Шостаковичым и цlэр зэрихьэу ит саугъэтым и лауреат, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, УФ-м и Композиторхэм я союзым хэт, а lуэхущlапlэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщl Хьэlупэ Джэбрэlил и ныбжьыр мазаем и 20-м илъэс 80 ирокъу.*

# И Iэдакъэщlэкlхэр псэунущ

**Хьэlупэ Джэбрэlил куэд щlауэ сцlыху къудейкъым, атlэ дызэныбжьэгъущ дызэрыцlыкlу лъандэрэ. Зэманым, гъащlэм къуэшым хуэдэу дызэхущыту дищlащи, мащlэ-куэдми къытхуэнэжар апхуэдэу екlуэкlынущ.**

ЛЪЭПКЪ къэсыхукlэ, къапщтэмэ, зыгъэлъэпкъыр бзэращ. Абы теухуауэ жысlэну сыхуейщ: Джэбрэlил хуэдэу адыгэбзэр зыгъэпсалъэ, зыгъэбзэрабзэ, шэрыуэу зыгъэлажьэ, адыгэм къахэбгъуэтэну къыщlэкlынкъым. Тхьэм сыщыуэу къыщlигъэкl, ауэ апхуэдэу къысщохъу, апхуэдизкlэ абы жиlэ псалъэ lущхэр, и усэхэр гум носри. Зыlэрымыхьа, зимыlэ иджыри щыlэмэ, чэнджэщ изот Джэбрэlил и «lэгуауэншэ пшыхь» усэ тхылъыр къищэхуну. Ди тхыдэм, ди лъэпкъым ятеухуауэ узыгъэтхытх усэ куэд итщ абы.

Джэбрэlил адыгэ лъэпкъым и композитор нэхъ гъуэзэджэ дыдэу диlэщ. Уэрэд дахэ куэд итхахэр дызыгъэгушхуэщ икlи ахэращ цlыхубэм нэхъыбэу къызэрацlыхур. Си щхьэкlэ сыкъапщтэмэ, Джэбрэlил ейуэ уэрэд зыбгъупщl езгъэтхауэ ди радиом и фондым хэлъщ, абы нэмыщlкlэ дискым трезгъэтхауи щыlэщ. Кlэщlу жыпlэмэ, езы Джэбрэlили и уэрэдхэр жызыlахэри дыщымыlэжу щытми, абы и lэдакъэ къыщlэкlахэр псэунущ, лъэпкъ тхыдэм къыхэнэнущ.

Згъэнэхъапэу мыр къыхэзгъэщыну сыхуейт: Джэбрэlил lущыгъэ куэд жеlэ щlалэгъуалэр едаlуэу дерс къыхахын хуэдэу.

Аращи, Джэбрэlил, си къуэшышхуэ, Тхьэм куэдрэ утхуигъэпсэу! Си гуапэ дыдэ хъунущ дяпэкlи макъамэ дахэхэр къэбгъэщlу, сыт хуэдэ лъэныкъуэкlи уи lуэхур ефlакlуэу, къару бгъуэту, дэрэжэгъуэ уиlэу куэдрэ, куэдрэ утхуэпсэумэ!

lуэху дахэ куэд тлъагъуу, ди щlэблэм я фlыгъуэм дыхэплъэу, зауэ-банэрэ зэрызехьэрэ къэмыхъуу, цlыхур лажьэрэ шхэжу, узыншэу, ди къэралыр ефlакlуэу гъащlэ зэпэщ Тхьэм дигъэлъагъу псоми!

**ТУТ Заур,**
*УФ-м и цlыхубэ артист.*

# Адыгэ лъэпкъым и фlыгъуэ

**Хьэlупэ Джэбрэlил сэрэ лэжьыгъэ и лъэныкъуэкlи, цlыхугъэ ехьэлlауи куэд щlауэ дыкъыздогъуэгурыкlуэ. Зэгъусэу деджащ, консерваторэр зы профессорым и деж къыщыдухащ. Зы илъэскlэ си япэ итауэ аращ Джэбрэlил.**

МИС а 1980 гъэхэм щегъэжьауэ илъэс 40 хъуащи дызэныбжьэгъущ, зэрыхъукlэ дызэдолажьэ. И lэщlагъэм хуэнабдзэгубдзаплъэ, еш имыщlэу зэлэжьыж цlыхущ Хьэlупэр. Композитор гъуэзэджэщ, симфонист lэпщlэлъапщlэщ, цlыхугъэшхуэ хэлъщ, унагъуэлlщ. Жыпlэнурамэ, Джэбрэlил хуэдэр закъуэтlакъуэщ.

Адыгей Республикэращ абы и япэ щlыхьыцlэр къыщыфlащауэ щытар. Ди деж мызэ-мытlэу щедгъэкlуэкlащ Джэбрэlил и концерт, ди щlыналъэм абы и гуащlэм пщlэшхуэ щыхуащl, езыр фlыуэ щалъагъу. И макъамэр Адыгейм и симфоние оркестрым зэпымыууэ егъэзащlэ. Къыхэбгъэщмэ, зи ехъулlэныгъэхэм сыщыгуфlыкl си ныбжьэгъуфlщ, езыращи, сыт къызэхъулlэми япэу къэпсалъэхэм ящыщщ.

Налшык сыкlуа иужь гуапэу срегъэблагъэ. И унагъуэм сохьэ, и щхьэгъусэр, и бынхэр фlы дыдэу соцlыху. Мы гъащlэм зы цlыху щыспэгъунэгъумэ, Джэбрэlил етlуанэщ. Апхуэдэ ныбжьэгъу, къуэш, композиторэгъу къызэрыскъуэтым срогушхуэ. Псом хуэмыдэжу сэ сыщогуфlыкl апхуэдэ композитор адыгэ лъэпкъым зэриlэм. Къэбэрдейм щыпсэухэми, дэнэ щlыпlэ щикъухьа адыгэхэми солъэlу абы и творчествэм пщlэ хуащlыну. Лъэпкъым и гупсысэр, и псэр зыгъэбейр Хьэlупэ Джэбрэlил хуэдэхэращ.

Сынохъуэхъу, си ныбжьэгъужь, узыншагъэ быдэ уиlэну, тхылъ куэдыкlейуэ узэджам къыхэпха фlыгъуэр лъэпкъ псом щхьэпэну.

**НЭХЕЙ Аслъэн,**
*композитор, УФ-м, Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м я цlыхубэ артист.*

# - Пхуримыкъум сыт и щхьэусыгъуэр? - Лъагъуныгъэщ.

Сыт и - дахагъми, гъащlэр щыз хъуну гурыщlэ куум къимыгъэнэхумэ? Пшыналъэр зэгущ хъуну лъагъуныгъэр дыгъэ нэбзийуэ хэмыухуэнамэ? Пшыналъэри макъамэри зи гум щызыгъафlэ Хьэlупэ Джэбрэlил дауэ блэкlынт а щытыкlэ телъыджэм... Фlыуэ плъэгъуа цlыхур, жэуапыншэ уищlауи ирехъуи, беягъ гуэру гум къонэ. Хьэlупэм и пшыналъэм абы и лъэужьыр усэ сатыру къыхонэ, усэм макъамэ къыщlоувэжри уэрэд мэхъу. Къохъулlэ гурыщlэм и цlэ кърнмыlуэу, фlыуэ илъагъум поэтическэ гупсысэ нэху хэлъу, щlагъыбзэкlэ епсэлъэну, тепсэлъыхьыну. Апхуэдэ щыпкъагъэр къызэгъэпэща мэхъу зэпсалъэм зэрыхуэнэхъуеиншэр, гу щимыхуэнкlэ зэрышынэр къызыхэщ псалъэ къыхэхыкlэмкlэ. Усэ-уэрэдым упходэlукl зы макъ е зы псалъэ лейуэ зэрыхэмытым уихьэхуу. Гурыщlэбэщ, макъамэр щабэщ, лантlэщ, поэзие нэгъэсам и хабзэкlэ тхащ.

**Фlылъагъуныгъэ**

**Мазэгъуэ жэщу,**
**Ихъуреягъыр даущу,**
**Сыноlущащэу зы жэщ закъуэ**
**Сыббгъэдэсащэрэт.**

**Уэрэд пхуэзусым**
**Псалъэ хэмытми,**
**Дахагъэу хэлъым**
**Уи псэм зыдилъэу,**
**lэлъын пlэрыгъым**
**Гугъэ есшэкlыу,**
**Зы дуней кlапэ**
**Зэ къыслъысащэрэт.**

**Е дыlущащэу,**
**Акъужьыр гущэу,**
**Зы нэхущ мыхъуми**
**Дыхэмыгъуащэм -**
**Фlэсщын симыlэ**
**Къысхуэна гъащlэм.**

Апхуэдэу гукъинэ хъууэ, псэм дыхьэу, уи фlэщ хъууэ тха лирическэ усэхэр и мащlэкъым Хьэlупэм. Зэпэдзыж псэлъэкlэм тету зэриухуам и фlыгъэкlэ усэ кlэщlым къеlуэтэф зы цlыху и тхыдэ: и гурыгъугурыщlэр, фlэдахэр, лъапlэныгъэу къилъытэр, зыхыдегъащlэ а лъапlэныгъэр фlэмыкlуэду гъащlэм зэрыпхрихар. Уэсэпс ткlуэпсыр дыгъэ нэбзийм зэмыфэгъуу къызэрызэщlигъаблэм ещхьу, псалъэ къэс езым и плъыфэкlэ зыкъыдегъэлъагъу. Сатырхэм къибджыкlым нэхърэ нэхъыбэ сатыр зэхуакум къыдыбоджыкl, ар Джэбрэlил и усэхэм я щытыкlэщ:

**- Пхуримыкъум сыт и щхьэусыгъуэр?**
**- Лъагъуныгъэщ.**
**- Атlэ жыlэт, сыт нэхъ уи щlэщыгъуэ?**
**- Пщэдджыжь дыгъэ.**
**- Уи гукъинэм ихъумам нэхъ лъапlэр?**
**- Лъагъуныгъэщ.**
**- Сытым ебгъэщхьынт ар ухэплъатэм?**
**- Мафlэ лыгъэм!**

Лъагъуныгъэм цlыхум и гъащlэр нэгъэса ещlыф, ауэ зэпэныкъуэ щищlри мащlэкъым. Хьэлэмэт дыдэу а lуэхум хэлъращи, лъагъуныгъэ нэсым жэуап имыгъуэтауэ е насыпыр кlэщlауэ арами, губжькlэ, лъагъумыхъуныгъэкlэ зихъуэжыркъым. Нэщхъеигъуэщ, гуауэ мэхъу, ауэ гыбзэрэ шхыдэрэ къыхэкlкъым.

**Псэрыд уэрэдырщ къытенэр дунейм,**
**Абы и джылъым и лъахэр гухэлъщ,**
**Ар япэ лъагъуныгъэм и фэеплъщ,**
**Щlэмылъу псалъэ куэдрэ жытlэрейщ.**

Фlылъагъуныгъэр къыщылыдынури щыужьыхыжынури зыми зэримыщlэр, ар хуитыныгъэ кърытыну зыми зэремыупщlыр, чэзурэ мардэрэ зэримыщlэр а гурыщlэм и хьэл-щэну зэрыщытыр игъэунэхуащ мыпхуэдэ сатырхэр зытхам:

**Гъащlэ lуэхущи, гухэлъ-щхъухь исфам**
**Зэм сеlэтри уафэм сыщызоуэ...**
**Зысплъыхь пэтрэ тlэкlу зыщиуфам,**
**Щlылъэм къызохьыжыр си гукъеуэр.**

Сыту щытыкlэ дахащэ цlыхур фlыуэ илъагъум щысхьмэ, и псэри и пщlэри хуихъумэмэ... Сыту лlыхъужьыр игъэдахэрэ и шыlэныгъэм, и щабагъым, зэгъэзахуэ зэриlэм.

**Ныптеухуауэ къыпхуэсlущэщыр**
**Уэ ныпщызгъэпщкlуми, фlыт зэхэпхамэ.**

**Итlанэ, дауи, узыхэхуэнкlэ**
**Хъун гуныкъуэгъуэр къэпщытэгъуейщ.**
**Гугъуехьу сшэчыр къыздэбухуэнкlи –**
**Насып пщыхъуну? Ар жыlэгъуейщ.**

Лъагъуныгъэр шыlэныгъэм нэхъри лъагэ зэрищlыр къыхощ «Зыхыумых щхьэкlэ, уафэр зи плъэгъу...» усэми. Тыншу къехъулlэркъым лирическэ лlыхъужьым а шыlэныгъэр. «Гугъэр гъэрыпlэм иту» псэуныр хьэлъэщи, псори зэхуэдэу пэлъэщкъым: зым зешыlэф, нэгъуэщlыр егъэгухэ, адрейр егъэгубжь, щlегъуэжри щыlэщ. «Зыри сыхуейкъым упсэу къудейм»,- жызыlэфыр цlыху нэгъэсащ, лъагъукlэм и сэнаушыр зыбгъэдэлъ цlыху псэ хейщ.

**ХЬЭЦlЫКlУ Раисэ,**
*егъэджакlуэ, «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и къызэгъэпэщакlуэ.*



Тут Заур, Хьэlупэ Джэбрэlил, Къумахуэ Мухьэдин сымэ.



Хьэlупэ Джэбрэlилрэ Темыркъан Юрэрэ.

# ПсэкIэ дызэрощIэ

ЦIыху гъэщIэгъуэн куэд дунейм тетщ, ауэ си дежкIэ псом я лейщ ХьэIупэ ДжэбрэIил. Ар щыпсалъэкIэ лIэщIыгъуэ блэкIахэр, ди адэжьхэр къызэпсалъэу къысщохъу, апхуэдэу и бзэр бейщ, куэдым зыIэпагъэхуа псалъэхэр абы деж хъума щыхъуащи. Нэхъыщхьэ дыдэу тхэлъын хуейр цIыхугъэращи, ар абы хэлъщ. ЦIыху фIыуэ елъагъу, сабийр егъэлъапIэ. Талант гуэр зыбгъэдэлъым дэIэпыкъуну хьэзырщ, гъуэгу игъуэту лъэпкъым хуэщхьэпэн папщIэ.

Дыкъэзыухъуреихь дунейр абы хуэдэу зыхэзыщIэ къэгъуэтыгъуейщ. Жыг ирехъу, нэгъуэщI къэкIыгъэу щрет, зи цIэ имыщIэ, фIыуэ имыцIыху, «имыныбжьэгъу» щыIэу къыщIэкIынкъым. Нэхъыбэм гу лъамытэу, къафIэмыIуэхуу зыблэкIыну куэдым дахагъэ къахегъуатэ. ДжэбрэIил хуэдэу дахагъэр зыхэзыщIэ, абы пщIэ хуэзыщI куэд щыIэкъым. Езыри дунейгъэдахэщ.

ЦIыхуфIщ, и гум хуабагъэ илъщ. А хуабагъэр ехьэлIащ гъащIэкIэ дызэджэр зэрызэхэлъ псоми. И нэм къыщIех а хуабагъэр.

ДжэбрэIил тхыдэр ещIэ, фIыуэ елъагъу. Лъэныкъуэ куэдкIэ щIэныгъэ куу иIэщ. Ар и лъым хэлъу къеджьэри, езыри еджэурэ зригъэужьащ, зригъэубгъуащ. Тхылъым пщIэ хуещI, куэдыкIейм еджащ. Композитору иIэ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хуэдизыбзэкIэ гупсысакIуэщ, усакIуэщ. Графикэ жыпхъэм иту сурэт ещI.

И гупсысэкIэмкIэ укъыщигъэуIэбжь куэдрэ къохъу. Зыми игу къэмыкIын зэрегъэзахуэ, зыми зэпимылъытэн, зэхуимыхьынкIэ хъунур къыбгъэдокI. Нэхъыбэм я Iуэху еплъыкIэм ДжэбрэIил ейр темыхуэуи къохъу, ауэ «сащытемыхуэкIэ» жиIэу къимыгъанэу, езым фIэпэжыр жиIэнущ. КъыхуэшхыдэнкIэ зэрыхъунум щхьэкIи гузавэркъым.

ЦIыхухэм яхэтщ Iыхьлыгъэр псом япэ изыгъэщ, хэти ныбжьэгъугъэр псом нэхъ фIэлъапIэщ. Сэ сызэреплъымкIэ, ахэр зэгъэпщэн хуейкъым, дэтхэнэми ди гъащIэм езым и увыпIэ щиIэжщ. Си дежкIэ ХьэIупэ ДжэбрэIил гъунэгъу дыдэщ. Къызбгъурымысми, къысщIыгъущ, сымылъагъуми, зыхызощIэ, си уэршэрэгъущ. Сытым щыгъуи псэкIэ дызэрощIэ.

Сэ ар къызэрыслъытэр планетэ щхьэхуэущ, апхуэдэу щIыщтыр и цIыхугъэм, щIэныгъэм, къэухьым, лэжьыгъэм, музыкэмрэ поэзиемрэ хилъхьам я инагъыр къызолъытэ, и гупсысэм къиубыдыр сощIэри аращ.

ДжэбрэIил хузогъэфащэ фIыуэ щыIэр. Хуреузыншэ и унагъуэм, лъэпкъым, тхуреузыншэ дэ фIыуэ зылъагъухэм. Узыншагъэр иIэмэ, абы иджыри лъэкIынур мащIэкъым.

**ХЪУРЕЙ Феликс**,
*философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор.*



Композиторхэу Къэзан Аслъэн, Жырыкъ Заур, ХьэIупэ ДжэбрэIил, Къардэн Хьэсэн сымэ.

# И насыпщ шу пашэ зиIэм

Мы дунейжьыр щымыджэмыпцIэрэ уафэр щызэпцIагъащIэм къыщцыщIэдзауэ ди адыгэ лъэпкъ тхыдэм къыхощ лъэужь дахэ къытхуэзыгъэна цIыху куэд, я губзыгъагъэ, Iущыгъэ, дахагъэ, лIыгъэкIэ зи гур псыхьа нэрыбгэхэр. ЛIыгъэр цIыхуищэм здагуэшыфынущ, зылI щыпкъэ шу пашэу яIэмэ. Шу пашэ зимыIэр лъэпкъыр хэкIуапщIэ къудейщи, дэтхэнэ жьыбгъэми зыдигъэзэнщ, жьэгъуашхэ къудейрэ нахъутэр и пщэ къыфIалъхьэу шхуэр къыжьэдэзылъхьэным пэплъэу. И насыпщ шу пашэ зиIэ лъэпкъым. Насыпышхуэу сэри къызолъытэ ищхьэкIэ къэсхьа псалъэхэм хуэфащэ цIыху щыпкъэ, адыгэ быдзышэ хьэлэл ефа ХьэIупэ ДжэбрэIил хуэдэлI дызэриIэр.

Адыгэм «уэрэд хуэфащэщ» жыхуаIэхэм ДжэбрэIил яхуэбгъадэми ущыуэнкъым. Къапщтэмэ, ар псэууэ (илъэсищэ гъащIэ Тхьэм кърит!) и цIэр тхыдэм хитхэфащ, и щхьэм имызакъуэу, адыгэ лъэпкъ псом и пщIэ иIэтащ. Абы и щыхьэтщ композиторым и къалэмыпэм къыщIэкIа макъамэхэр Европэм, Бытырбыху, Мэзкуу, Урысейм и хэгъуэгу нэхъ инхэм я симфоническэ оркестрхэм зэрагъэзащIэр. И уэрэдхэр-щэ? Псори мэкIуэдри уэрэдыр къонэ, жи адыгэм. И макъамэхэри нэхугъэкIэ гъэнщIауэ, лирикэ куу ящIэлъу дахащэхэщ.

ДжэбрэIил и зэфIэкIхэм ящыщщ усыгъэм и къуэпсхэр наIуэу адыгэпсэм зэрыхиухуанэр. Лъэужьыр бжьиблкIэ мауэ жыхуаIэр арати, ПащIэ Бэчмырзэ и пхъурылъху ДжэбрэIили ди Тхьэм и унащхьэр къибгъат, – композитор цIэрыIуэ икIи усакIуэшхуэ хъуащ. КъыдигъэкIа тхылъхэр цIыхур зыузэщI, лъэпкъыр зыгъэгъуазэ, зыгъэгупсысэ лэжьыгъэхэщ.

ДжэбрэIил хузэфIокI щIалэгъуалэм и чэнджэщ, и ущие дахэ ирихьэлIэн, адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкIа хабзэхэр ягухэм лъигъэIэсын.

ДжэбрэIил цIыху къызэрыгуэкIкъым, умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым абы и акъылыр здынэсымрэ и гупсысэм и кууагъымрэ.

Псэемыблэжу зи Iуэху ипэкIэ зыгъэкIуатэ нэхъыжьым нобэ хуэдэу и акъылыр жану, узыншагъэ иIэу, гукъыдэж щымыщIэу иджыри куэдрэ лъэпкъым хуэлэжьэну, дунейгъэдахэу кIыхьу тхуэпсэуну сыхуохъуахъуэ.

**ДУМЭН Мурадин**,
*КъБР-м и цIыхубэ артист.*

# Ар - ДжэбрэIилщ!

Хэт хъуну ХьэIупэ ДжэбрэIил? Абы иIэр зы жэуапщ - ар ДжэбрэIилщ! Абы псори къеIуатэ.

Хэт ар, композитор, хьэмэрэ усакIуэ? А тIур абы и деж щыпхузэхэгъэкIынукъым, ХьэIупэр - тIурикIщ, ари къызэрымыкIуэу. Илъэс щэныкъуэ хъуауэ дызэныбжьэгъущи, сэ къызэрысщIэрэ куэд щIакъым ДжэбрэIил усэ итхыу. Къыщысщlэм - сыкъигъэуIэбжьащ. ФедаIуэт мы сатырхэм - мыхэр тхылъымпIэм щытелъым и дежи зэхыбох:

**ЯтIэ унэ, ятIэ лъэгу**
**СызыщIапIыкIам**
**КъыщыкIынут**
**Iэгъэбэгу**,
**Псы зэкIэлъипкIам**...

ИтIанэ уафэр зыубгъуа пшэхэр Iэгъэбэгум хуокIуэж. УсакIуэм и сабиигъуэм къыхэна ятIэ унэри, ятIэ лъэгури, уафэри зы мэхъуж. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэм кIуэцIрокI гъащIэ псо, усакIуэм игуми зэпхыкIыу, абы и къэкIуэнури хэтыжу. Апхуэдэ образ куэд иIэщ ДжэбрэIил. И ныбжьыр дэнэ нэсами, и псэр сабиипсэу, къабзэу къэнащ. И дуней еплъыкIэри сабиигъуэм къыщожьэри къыпхрокI, аращ абы фэрыщIагъ щIемыкIуалIэр.

ДжэбрэIил и уэрэдхэр, макъамэхэр лъэпкъ псом я тхьэкIумэм итщ. Ар сэ сызытемыпсэлъыхьыфын Iуэху щхьэхуэщ, ауэ ахэр зэрызэхэсхыр си насыпыр зэхэзыгъэувэхэм ящыщ зыщ. ДжэбрэIил и иужьрей усэхэм ящыщ зым къыхуэкIуа музыкэм щхьэкIэ щыжеIэ, Бах къыжриIэ хуэдэу: «Тхьэр уи хьэщIэщ». Ар псэм и щытыкIэр зым емыщхьу къэзыгъэлъагъуэщ...

**АЦКЪАН Руслан**,
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ.*

# И усэхэм езыр къыщеджэкIэ

ХьэIупэ ДжэбрэIил и цIэр щызэхэсхкIэ зэуэ сигу къэкIыр зэрыадыгэлI нэсыр аращ. Си тхьэкIумэм къиIуэр, си Iэпкълъэпкъыр зэщIэзыщтэр адыгэбзэм и дахагъэIэфIыгъэрщ. ХьэIупэм итх макъамэхэр и усэхэми ящIэлъщ. Е и музыкэр и усыгъэхэм къахэкIрэ?.. И макъамэхэм ущедаIуэкIэ - и усэхэр уи гум къокI, и усэхэм езыр къеджэу щызэхэпхкIэ, и макъамэхэри зэхыбох.

УсакIуэхэм я нэхъыбэр я IэдакъэщIэкIхэм езыхэр къеджэ нэхърэ нэхъыфIщ а къалэныр нэгъуэщIхэм дзыхь хуащIмэ. Ауэ ХьэIупэм и усыгъэм и лъащIэм улъэIэсыфыркъым езыр къеджэу зэхомыхауэ. КъыщеджэкIи зэуэ Iэнкун уещI, узэщIеубыдэ, зэи гу лъомытауэ музыкэм и лъагъуэ гуэр утрешэ. Узэгупсысыр зэхомыгъэкIыфу Iэджэ уи гум къегъэкI.

И гъащIэр лъэпкъым хуэгумащIэу езыхьэкI, ДАХ-р зыухуахэм ящыщ, Иорданием щыпсэу, усэ зытх Хъунэгу Нэдия хуезгъэхьа роликым щеплъым къитхыжат:

**Нэждэт, сыкъоушыр сэ.**
**Симыгъэжей**
**Псым хуэлIэ псэм.**
**Зэхызохыр, содаIуэр.**
**СегъэнщIыр сэ**
**ДжэбрэIил и усэм.**

ХьэIупэ ДжэбрэIил композитор щэджащэщ, усакIуэ лъэщщ. Ауэ ущрихьэлIэкIэ - уэ пхуэдэу, сэ схуэдэу цIыху къызэрыгуэкIщ... Сохъуэхъу лъэпкъым куэдрэ, куэдрэ тхуэпсэуну!

**МЭШХУЭФI Нэждэт**,
*медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат,*
*Адыгэ Республикэ.*

# Дыгъэгушхуэ иджыри куэдрэ

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ еджапIэм щезыгъаджэхэм ди пщэ къыдэхуэ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къыдолъытэ лъэпкъ Iуэхум зи гуащIэр хуэзыунэтI цIыхухэр Iэтыныр, гъэлъэпIэныр, гулъытэ яхуэщIыныр. Апхуэдэхэрщ дэ зи пащхьэ дит щIэблэм щапхъэ яхуэтщIыр, зи IуэхущIафэ кIэлъыдгъэплъыр. Ирехъу ар лэжьакIуэлI е щIэныгъэлI, макъамэтх е тхакIуэ, нэхъыщхьэр - ябгъэдэлъ фIагъыр я гум хыхьэу, псэкIэ зыхащIэу абыхэм я Iуэхум пызыщэ къахэкIынырщ.

Егъэлея хъуну къысфIэщIкъым нэхъыбэрэ зи цIэ къисIуэхэм ХьэIупэ ДжэбрэIил зэращыщыр жысIэмэ. Абыи иIэщ щхьэусыгъуэ.

ХьэIупэр япэу къызэрысцIыхуар и уэрэдыпкъ гуимыхужхэмкIэщ. Хэт блэкIа лIэщIыгъуэм и 70 - 80 гъэхэм зи щIалэгъуэр хиубыдауэ абы и макъамэ налъэхэм зигу имыгъэпIейтеяр, зи гурыщIэр къимыгъэтIэпIар?! Лъагъуныгъэм и бзэт ар зэрыIури, гум хыхьэрт, псэм хэшыпсыхьырт. Абы лъандэрэ къыддогъуэгурыкIуэ ди къуршхэм щежьэу дунейпсо утыку ихьа ДжэбрэIил и творчествэр, макъамэм усэбзэри гуэгъу хуэхъужауэ.

ХьэIупэ ДжэбрэIил и усэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым къытехуэурэ, радиом къиIукIыурэ къэтцIыхуащ. Лъэпкъым и цIыху гъуэзэджэм акъыл гъэтIысарэ зэфIэкI мылъытэрэ зэрыбгъэдэлъыр наIуэт: гур игъэзагъэу, пэжыр и гъуазэу, гъази къикIуэти хэмылъу зыхуей гупсысэр утыку ищIыфырт. Ар, дауи, зыхузэфIэкIынур цIыхум «къеузымрэ» и гурыгъузымрэ зыщIэ, абы псэкIэ пыщIа усакIуэщ. Апхуэдэу къежьати апхуэдэт зэрыхъун хуейр ПащIэ Бэчмырзэ и къуэпсыр.

«ЦIыхум насып къахуэзылъыхъуэрщ насыпыфIэ хъуну зыхуэфащэр», - жаIэ игъащIэм. Си гугъэмкIэ, мы псалъэхэр и гъуазэу мэпсэу ДжэбрэIил. Насыпщ лъэпкъым и дежкIэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа «Iэгуауэншэ пшыхь» усэ тхылъыр 2019 гъэм дунейм къызэрытехьар. Насыпщ си дежкIэ IутIыжхэ Мэжидрэ Iэсятрэ тыгъэ къысхуащIа (я мылъкур Тхьэм игъэбагъуэ!) а тхылъыр, сыIэбэм къэсщтэу си унэ зэрилъри. Ауэ а псор мащIэ хъунт мы тхылъым иращIэкIа, Iэфlу си гум къинэжа, си гум щызу усэбзэкIэ зыщызгъэнщIа пшыхьым сыхэмытамэ.

СфIэтелъыджэщ ХьэIупэм и гупсысэ къэIуэтэкIэр, къигъэсэбэп псалъэхэр, къигъэщI образ дахащэхэр. Дауэ пэлъэщрэ жызоIэ апхуэдизым. Уеджэу зэбгъэтIылъэкIыжхэм ящыщкъым усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр, атIэ къытебгъэзэжурэ уоджэ, уеджэхуи зы щIэщыгъуэ гуэр къыхыбогъуатэ, гукIэ зыбогъащIэ. Зэи сIэпыхукъым, си нэгуми щIэкIкъым абы и «Къыу уэрэд дахэм» и образыр: «Дэнэ ущыхэтыр, си къыу уэрэд дахэ? Хэт узыхуэгушхуэр? Хэт узыхуэмахэр?..»

Нобэрей щIэблэм гу зылъатэнрэ щапхъэ яхуэхъунрэ хэлъщ ХьэIупэм и усэхэм - ахэр гъэнщIащ акъылрэ Iущыгъэкlэ, абыхэм ухуашэ укъызыхэкIар пщIэжрэ уи лъэпкъ нэмысыр пхъумэжу мы дуней дахэм узэрытетынум. А псор ДжэбрэIил и гъащIэ сурэту къызолъытэ сэ.

Уи щIэблэ ирибгъэсэну сыт и уасэ радиом и «Сэтэней» журналым пщэдджыжьыпэкIэрэ ХьэIупэм дригъэкIуэкI гъэсэныгъэ-ущииныгъэ уэршэрым. НэхъыбэрэкъихьакIэщэрэт, нэхъыбэж къиIуэтэжакIэщэрэт жыдоIэ абы дедэIуэху.

И насыпщ и гуащIэдэкIкIэ, и акъылкIэ, и лIыгъэкIэ къызыхэкIа лъэпкъым хуэлажьэ цIыхущи, и узэщIакIуэщи. Хуэфащэщ абы езым уэрэд, къелэжь дгъэфIэну, щIыхьи хуэтщIыну, щытхъуи хуэдгъэшыну. СощIэ, фIэфIкъым ДжэбрэIил щытхъуалэ, ауэ ирецIыху адыгэм езым и ЦIыху нэсхэр!

Ныбжьыр кIуэми, жьыгъэр зыкIэщIэмыхьэ, зыхуэдэ щымыIэ дуней еплъыкIэрэ зыхэщIэкIэрэ зиIэ ДжэбрэIил! ДыгъэгуфIэ, дыгъэгушхуэ иджыри куэдрэ а уи гущIэм къитэджыкI, зыми емыщхь дунеймкIэ. «Махуэм быус псысэр жэщым зэхисыпэми», гъащIэм и IэфIыр зыхэпщIэрэ абы уринасыпыфIэу кIыхьу Тхьэм утхуигъэпсэу!

**ГЪУКIЭПЩОКЪУЭ Iэсият**,
*Джэрмэншык дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ.*

# Ар дунейм къыщIытехьар

**Бзум къыщIилъэтыхьыр дэ дызэригъэхъуэпсэн щхьэкIэкъым, жьыр къыщIепщэри сабэ кърихьэкIын къудейкъым - мы дунейм тет псори зыгуэрым къыхуегъэщI. Сыт цIыхур къызыхуигъэщIыр? ПыухыкIауэ абы жэуап пхуетынукъым. Къэнэжыр укъызыхуигъэщIар гурэ псэкIэ зыхэпщIэнырщ.**

ХьэIупэ ДжэбрэIил композиторщ, усакIуэщ, гупсысакIуэщ, сурэтыщIщ, егъэджакIуэщ. А псом къинэмыщIауэ, ар цIыху телъыджэщ, ныбжьэгъуфIщ. Ар симыIамэ, псэкIэ сызыдэхъун цIыху сыхуэныкъуэнт.

ПсэкIэ къулейсызым, лей зезыхьэм, цIыхуми гъащIэми хэлъынкIэ хъуну мыхъумыщIагъэм зэуэ пэщIэувэф, ар зигу темыхуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил и ныбжьэгъухэр псэкIэ къабзэ, къулей ещI, я зэфIэкIым хегъахъуэ, я гупсысэм зрегъэужь.

ДжэбрэIил зыригъэсащ пэжыр – дахагъэм, дахагъэм – пэжыр хилъагъуэу. Апхуэдэ дуней къэхьэхукIэм зэзэмызэххэщ узэрыхуэзэр, талант нэс зиIэр зэрымащIэм хуэдэ къабзэу. Шэч къытесхьэркъым дахагъэм, Iущыгъэм, талантым я Тхьэр ХьэIупэ ДжэбрэIил къызэрыщхьэщытым.

Нэфым зыхищIэнукъым тхыпхъэщIыпхъэм и дахагъэр, дэгуми зэхихынукъым макъамэр. Ауэ цIыхур IэпкълъэпкъкIэ къудейкIэ зэрыникъуэдыкъуэр? Шынагъуэр гумрэ псэмрэ дэгумэщ, нэфмэщ.

ДжэбрэIил мы дунейм къыщIытехьар ди псэр дунейм и дахагъэм, макъамэ телъыджэм, нэхугъэм, плъыфэ зэтепщIыпщIыкIхэм, лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ къыхуигъэушыным папщIэщ.

ЦIыхум и псэр гъунапкъэ гуэрым ириубыдэжмэ, нэгъуэщIхэм езауэу, еныкъуэкъуу щIедзэри къыхагъащIэ. Си ныбжьэгъум сохъуэхъу IэпкълъэпкъкIэ узыншэну, и псэр хуитыну, насыпрэ дэрэжэгъуэрэ иIэну.

**БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Заурбэч,**
*КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI.*



Дирижёр Голиков Михаил и гъусэу.



ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ Къэбардокъуэ Муратрэ.

## Адыгэбзэ дыдэ зыIурылъ

**Композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил, Губайдулинэ, Шнитке, Янченкэ, нэгъуэщI композитор пэрытхэм хуэдэу, XX лIэщIыгъуэм музыкэм къыщекIуэкI Iуэхухэр кууу зыхищIэу, а зыхищIэмкIэ и лэжьыгъэр игъэпсу къекIуэкIащ.**

УСАКIУЭ ХьэIупэ ДжэбрэIил и ныбжькIэ къапщтэмэ, «адыгэбзэ дыдэ» зыIурылъа нэхъыжьхэр зылъагъужа, зэхэзыхыжахэм ящыщщ. И усэхэми а «адыгэбзэ дыдэр» къыпхыропс...

Егъэджакlуэ, ущиякIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил Къэбэрдокъуэ Мурат нэмыщI гъэсэну зыри имыIами, егъэджакIуэшхуэу, ущиякIуэшхуэу убж хъунущ...

Композитор, усакIуэ, егъэджакIуэ-ущиякIуэ, ди нэхъыжьыфI ХьэIупэ ДжэбрэIил ди япэ куэдрэ Тхьэм иригъэт!

**ЦРЫМ Руслан,**
*КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI.*

## Щэнхабзэм и лъагапIэ

Адыгэ музыкальнэ щэнхабзэм ХьэIупэ ДжэбрэIил и Iулыджыр щыинщ. Ауэ, сэ къызэрысщыхъумкIэ, абы и талантыр, и зэфIэкIым и къарур ди лъэпкъым иджыри къыгурыIуакъым. Адыгэ лъабжьэм Европэ искусствэр тригъэувэри, ДжэбрэIил итхащ произведенэ гъуэзэджэхэр. Абыхэм ящыщщ и «Псыхэгъэ» ещанэ симфониер, «Къурш тхъуахэм я таурыхъхэр» симфоническэ поэмэр, «КIыгуугум и джэ макъ» уэрэд циклыр, «Адыгэ хъыджэбз уэрэдхэр», нэгъуэщIхэри. Ди щэнхабзэм и лъагапIэ дыдэщ ХьэIупэм къигъэщIар.

ДжэбрэIил и музыкальнэ, тхакIуэ талантхэм иджыри зы пыщIащ – цIыхугъэ. Ар ауэ сытми къыхэзгъэщакъым, куэдыр абы зэрыхуэхейращ таланту щIыжысIэри. Абы и щапхъэу мырщ къыхэзгъэщынур. ДжэбрэIил япэу сыщыхуэзам илъэс 12 сыхъуу арат. Си анэм макъамэ гуэрхэр стхыуэ илъагъури, абы и деж сишат. ХьэIупэм зыгуэр къысхэкIыну гугъэ естагъэнти, къыздэлэжьэн щIидзащ. Ильэс 13-кIэ, консерваторэм сыщIэтIысхьэхукIэ, сригъэджащ: композицэри, гармониери, оркестровкэри аращ сэзыгъэщIар. Абы къыщынэмыщIауэ, адыгэ щэнхабзэм и дахагъэр сигъэлъэгъуащ, пасэрей макъамэхэм сыдригъэхьэхащ. Адыгэ лъэпкъ макъамэм хэсщIыкIIауэ схужыIэнумэ, ар ДжэбрэIил и фIыгъэщ.

Балигъ гъащIэм сынэсыху адэм хуэдэу къызбгъэдэтащ ДжэбрэIил. Иджыпстуи адэм хузогъэдэ, и бынхэми я жагъуэ ящIкъым. Сыт къару, сыт зэхэщIыкI уиIэн хуей жызоIэ уимызыри сабийм апхуэдиз зэман тебгъэкIуэдэн, и гъуэгур ебгъэгъуэтын папщIэ. Иджыпстуи си чэнджэщэгъуфIщ си егъэджакIуэр, телефонкIэ сыпсалъэу зыгуэркIэ сеупщIауэ зэи сигъэщIэхъукъым.

Сохъуапсэ ДжэбрэIил и макъамэхэр, и усэхэр зэрыт тхылъхэр дэтхэнэ зы унагъуэми илъыну. Ди къалэнщ ХьэIупэм и макъамэ псори студием щедгъэтхыу къыдэдгъэкIыну, концертхэм щыдгъэзэщIэну. ДжэбрэIил щхьэкIэкъым, ди лъэпкъым папщIэщ. Абы музыкальнэ щэнхабзэм хуищIар къыпхуэмылъытэн хуэдизщ.

**КЪЭБАРДОКЪУЭ Мурат,**
*композитор, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист.*

*ХьэIупэ ДжэбрэIил теухуа напэкIуэцIхэр зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ**

# ГъащIэрэ гуащIэрэ

**ЦIыху куэдым я насып къихькъым илъэс 80 гъащIэ. Уи ныбжьыр абы нэсауэ нэхъыжьи, курыти, нэхъыщIи къыпхуэныкъуэныр – ар насып тIуащIэщ. ДжэбрэIил зэрыIущращ а насыпыр и натIэ щIэхъуар. «Къулейр лъагъугъуафIэщ»,- жаIэми, цIыху Iущым узэрефIэкIыфын мылъку щыIэу къыщIэкIынкъым. Апхуэдэращ гупыр зыгъэгупри, лъэпкъым и цIэр зыгъэIуфри, Хэкур IэфI къыпщызыщIри.**

IУЩХЭРИ зэхуэдэкъым: хэти езым акъылрэ щIэныгъэкIэ къыдэхъу цIыху зыбжанэ гъунэгъу зыхуещI; хэти ар къемыхъулIэу, унэм зыщIеубыдэж, тхылъкIэ зыкъегъэтIылъыхь. Дэтхэнэри хуитщ и дунейр зыхуэдэнумкIэ. Ауэ унагъуэр нэхъыжьыфI зэрыхуейм хуэдабзэу, лъэпкъри хуейщ дзыхь зыхуищI, щапхъэу къилъытэ цIыху. ИкIи а къалэныр нэхъыбэу игъащIэми зытрагъащIэр интеллигенцэращ, псэм телажьэр ахэращи. ЩыIащ зы зэман лъэпкъыр цIыхур зэрагъэсэну хабзэр убзыхуным, мэш, жыг лIэужьыгъуэщIэхэр къэгъэщIыным, шы лъэпкъыфI къэгъэхъуным, Iэщэ-фащэкIэ зыгъэщIэрэщIэным щытелэжьа, а псомкIи нобэми дызыгъэгушхуэ ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьа. Ауэ иджырей щIэблэм абы ди фIыщIэ хэлъкъым. Дэ сыт тхуэщIэр, сыт къахуэдгъэнэнур къэкIуэну щIэблэхэм? ИщхьэIуэкIэ къезбжэкIахэм зыри къахэдгъэхъуэфынукъым, дунейр нэгъуэщI хъуащи.Щыгъыным къыщцыщIэдзауэ техникэм щыщIэкIыжу хьэзыру къытхуашэ, ахэр зыщIым дазэрыпеуэн къаруи щIэныгъи дэ диIэкъым. Къытхуэнэжыр сыт – лъэпкъыфэ къыттезыгъауэ псори тхъумэнырщ, ар псэм е Iэм къигъэщIауэ щрети. А псом ящхьэри анэдэлъхубзэращ. ЗытесщIыхьыращ: хамэм гъэщIэгъуэн дыщыхъун щхьэкIэ IуэрыIуатэмрэ тхыдэмрэ (тIумкIи къызэрымыкIуэу дыбейщ) тщIэн, тхъумэн, ди бзэм къигъэщIа художественнэ тхыгъэ диIэн,искусствэм и лIэужьыгъуэ дызыпэлъэщхэм делIалIэу зедгъэужьын хуейщ.

Си щхьэкIэ гужьеигъуэ иджыри къэс сихуакъым, хамэ къытхыхьэмэ, едгъэлъагъу, зэхедгъэх хъунумрэ псэлъэгъу хуэтщIыфынумрэ теухуауэ. Уеблэмэ дунейпсо философием, литературэм, искусствэм, тхыдэм теухуауэ утыкум я нэхъ иным къыщыпсэлъэфын диIэу етIощIанэ лIэщIыгъуэр къызэднэкIри, иджы дыкъэсащ. Ауэ нэхъ махэ дыхъуауэщ дыкъызэрысар. Махэ тщIынкIэ Iэмал зимыIаращ нэхъ дызэгуэуари – ди анэдэлъхубзэрщ. Губзыгъэм итха тхылъ ущеджэкIэщ ар къанэ щымыIэу щызыхэпщIэр.

Сигу икIыжкъым Тыркум щыпсэу Хъуаж Фахъри къызжиIэжауэ щытар. Тыркубзэ кIэ зэпсалъэ щIалэ цIыкIухэм я нанэр къахэдэIухьри, «фи бзэр фIызыхам фи псэри хихынщ» къажриIащ. Пщэр щаубыдыкIыу ятхьэлэнракъым абы кърагъэкIар, атIэ бзэм лъабжьэ хуэхъу псалъэр, IуэрыIуатэр, гупсысэр , хабзэр мащIэ-мащIэурэ зэраIэщIэкIынурщ. Аращ хэхэсхэм къащыщIари: я бзэм къару щIэлъыжккъым усыгъэ, тхыгъэ къагъэщIыну, гурыгъу-гурыщIэ кърaIуэтэну. Лъэпкъыр къызыфIэIуэхур Хэкумкlэ къоплъэ, уэрэдкIэ, къафэкIэ, театркIэ, фильмкIэ къытщыгугъуу. СурэтыщI гъуазджэм къызэрымыкIуэу зыщиужьащ хэхэсхэм я деж, я бзэкIэ къахуэмыIуатэр плъыфэм хуахьа нэхъей.

Мы псор жысIэн хуейуэ къыщIэслъытэр ДжэбрэIил и усэхэм емыджэфынухэр сфIэгуэныхь мэхъури аращ. Ахэр псалъэ зэгъэкIуа къудейкъым. Анэдэлъхубзэ беймрэ, щIэныгъэмрэ, зэхэщIыкIымрэ къагъэщIа усыгъэщ, щIэблэ куэдым зэрызэIэпахынум (адыгэбзэм дегугъумэ) шэч къытомыхьэу. Усыгъэми къыщымынэжу – щIэнгъуазэщ, псалъэ куэдыр иджырей щIэблэм къагурыIуэнукъым, псалъалъэр зыдамыгъэIэпыкъумэ. ДжэбрэIил усыгъэ IэмалкIэ бзэм хуэгъэтIылъащ, аращ абы итхам, дэпэкIи итхынум нэ лейкIэ дыщIеплъын хуейри. Ар япэ щхьэусыгъуэщ.

ЕтIуанэ щхьэусыгъуэр - лъэпкъым хуиIэ гууз-лыузымрэ езым къытхуигуэш лъагъуныгъэмрэщ. Япэр къызыхэкIыр гурыIуэгъуэщ, ауэ лъагъуныгъэ щыщIам апхуэдиз лъагъуныгъэ къыздрихыр дэнэ? Адэр зымылъэгъуа, зи нитIыр нэф анэм и гурыгъузым хэмыкIа, уеблэмэ ар и псэм хьэлъэу телъу зи гъащIэр зыхь цIыхум и гушыIэми лъагъуныгъэми сыт я къигъэхъуапIэ? Ауэ сытми жаIэу къыщIэкIынукъым: фIыуэ къалъагъуракъым, фIыуэ зылъагъуращ насыпыфIэр.Апхуэдэ цIыхум и гур къыщигуфIыкIращ усыгъэр къыщыунэхур. Апхуэдэ цIыхум и гур щыхэщIым, дунейм зыщигъэпщкIуауэ щыщысым узижагъуэныр Iууплъэ.

ГъащIэр апхуэдэу зэхэлъщи, итIани къощIэрэщIэж, куэдым куэдыр яхуегъэгъури, дунейм къытохьэж, лэжьэну, сэбэп хъуну, гушыIэну хьэзыру. ГукIи псэкIи упсыхьауэ ущытын хуейщ, сэбэп къыпхуэхъушхуи щымыIэу, уэр-уэру зыкъэбгъэщIэрэщIэжу дуней гъэдахэу укъытехьэжын папщIэ. Апхуэдэ цIыхухэр щыслъагъукIэ, упсэуныр зэрынэхъ лIыгъэр къызгуроIуэ, улIэным нэхърэ.

ДжэбрэIил гъащIэр фыIуэ зылъагъущ, ар гукIи псэкIи езыгъэшыну илъэгъуар мыщIэми.Ухуэмейми умылъагъу гъащIэр – къытегъазэ щыIэкъым. Аращи, абы и дежкIэ лъапIэщ псори. Ауэ лъагъуныгъэ щыжыпIэкIэ, псом япэ зыхуэпхьынур цIыхубзым триухуэфынур арагъэнщи, ДжэбрэIил хуэдэу анэр, цIыхубзыр зыгъэлъэпIа уигъэлъыхъуэнщ. Бзылъхугъэм епха гурыщIэр и гъащIэм хэтами е зыщIэхъуэпсыр апхуэдэу хуэгъэдэхами дыщыгъуазэкъым. Нэхъыщхьэр фIыуэ зэрылъэгъуа цIыхуитIым зэIущащэу зэжраIэн, езыхэм щхьэкIэ ятхауэ къащыхъужу я гурыщIэр зэрагъэфIэну усэ адыгэбзэ бейкIэ тхауэ къызэригъанэрщ.

Къыхэпхынур умыщIэу апхуэдэщ ДжэбрэIил и лъагъуныгъэ усэхэр. Ахэр яджын хуейт 10-11- нэ классхэм щIэсхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм. ЩIалэгъуалэм ягу укъипсэлъыкIмэ, анэдэлъхубзэр нэхъыфIу ялъэгъунущ, ар зэрыдахэр, зэрыбейр зыхащIэнущ.

ЩIалэгъуалэм я деж сыщынэсакIэ, сыблэкIыфынукъым уи къуэрылъхупхъурылъхухэм ящыщу иджыблагъэ цIыхугъэ схуэхъуа Къантемыр. ЗгъэщIэгъуащ и уэрэд жыIэкIэри, и къэфэкIэри, адыгэбзэр зэригъэшэрыуэри. Зы мащIэщ хуеижыр Къантемыр зиIэтыным, хуэфащэ утыку ихьэным. Адэшхуэм ещхь икIи абы хуэфэщэн талант зиIэ щIалэм жьауэшхуэу узэрыщхьэщытым шэч хэлъкъым. Уи цIэ къудейри абы и дежкIэ фIыгъуэщ. Зыгуэр къызэрыпщыгугъыр щыпщIэкIэ, къару къыбогъуэтыж. Сызытешыныхьт уи адэшхуэ ПащIэ Бэчмырзэ къытхуигъэна «Апхуэдэ гъащIэм си хьэ теджагуэ, апхуэдэ джэгуи сыхремыхьэ» псалъэхэр жезыгъэIа гупсысэ хьэлъэм хуэдэ къыптекIуэнкIэ. Ауэ Къантемыр хуэдэ къуэпс быдэ зиIэ уэ насыпым я нэхъ иныр къыпхуигъэфэщауэ къыщIэкIаи! Щхьэусыгъуэ уиIэкъым, ДжэбрэIил, «БлэкIам и дахэм кIэлъыхъуапсэ» уи псэмкIэ дахагъэ къомыгъэщIыну.Дэ абыкIэ дыпщогугъ.

Плещеев Алексей Пушкиным и фэеплъу итха усэм хэтщ мыпхуэдэ сатырхэр:

*Бессмертен тот, чья муза до конца*
*Добру и красоте не изменяла,*
*Кто волновать умел людей сердца*
*И в них будить стремленье к идеалу.*

КIыхьу къезгъэкIуэкIами, арат сэри жысIэну сызыхуеяр.

ДжэбрэIил, сынохъуэхъу уафэмрэ щIылъэмрэ я зэхуакум куэдрэ удэтыну, уи лъэщапIэ-псэ егъэзыпIэм гупсэхугъуэ щыбгъуэту улэжьэну.

**ШИРДИЙ Маринэ.**




# Дыгъэм пшэкІухь иІэмэ...

**♦Вагъуэиж зэралъагъуу, «си мывагъуэу къыщІыукІ» жаІэрт.**
**♦Гъавэщlэр зейр япэ абы хэІэбэмэ нэхъыфІщ, хамэм Іухуэ нэхърэ.**
**♦Гъуэгущхьэlум пхъэщхьэмыщхьэ жыг щыхэпсэну фІыщ.**
**♦Дыгъэм пшэкІухь иІэмэ, лІыщхьэ малІэ е зауэ къохъу.**
**♦Дыгъэм Іэпэ хуэпшиину фІыкъым.**
**♦Гъавэм утеувэмэ, берычэтыр хокІ.**
**♦Гъуэгу техьам кІэлъыпхъанкІэртэкъым, пхъэнкІии кІэлърадзыртэкъым, псым икІыху.**
**♦ПщІыхьэпІэу джэгу плъагъумэ, уонэщхъей.**
**♦Джэдур жыхапхъэм епІэстхъмэ, хьэщІэ къэкІуэнущ.**

# Щхьэ укъызэупщІрэ-тІэ?

Мэз къикІыжрэ пэт, Хъуэжэ зылІ кърихьэлІащ.

- Дэнэ ущыІа, Хъуэжэ? – къеупщІащ лІыр.

- Мэшых сыщыІащ, хукхъуэ къызошэ, - жиІащ Хъуэжэ.

- АтІэ уи гум илъыр пхъэи: мэз ущыІа хъунщ, - игъэщІэгъуащ лІым.

- Си гум илъри мэз сызэрыщыІари щыпщІэкІэ - емынэм узэрихуэрэ, щхьэ укъызэупщІрэ-тІэ? - жиІащ Хъуэжэ.

**МАХУЭ Іэлисэхь.**

# Къэб гъэва



Къэбыр ятхьэщІ, ялъэщІыж, тІу-щыуэ зэгуауд, и жылэр кърах, и фэр къыдэгъэзеяуэ шыуаным иралъхьэ. И зэхуэдитІым къэсу псы щІыІэ щІакІэ, шыуаныщхьэр трапІэжри, мафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Къэбыр шыуаным кърахыж, тепщэчышхуэм иралъхьэри, лъэхъыцхэр бжэмышхкІэ къытрах. Яшх хуабэу, щІыІэу. Шатэ, шэ докІу.

Къэб гъэвар хуабжьу сэбэпышхуэщ зи шхалъэ, тхьэмщІыгъу, кІэтІий узхэмкІэ.

# Нартыху лэкъум



Нартыху хьэжыгъэр яухуэнщІ, тепщэчышхуэм иракІутэ, шыгъу зыхэлъ псывэ хакІэурэ бэлагъкІэ япщ. Бахъэ пщтырыр ягъакІуэ, гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщІа щІапщэ, итІанэ псы хуабэкІэ зэхэщІа пщагъэ хакІэри зэхэзэрыхьыхукІэ япщ. Тепщэчым и щхьэр трапІэри, къэтэджын щхьэкІэ хуабапІэ ягъэув сыхьэти 2 - 3-кІэ. Тебэм тхъу иралъхьэри къагъэплъ, абы хъурей пІащІэу ящІа нартыху лэкъумхэр иралъхьэри, тебащхьэр тепІауэ ягъэажьэ. Зы лъэныкъуэр тхъуэплъ дахэ хъуа иужь, зэрагъэдзэкІри, мыдрейри апхуэдэу ягъажьэ. Хуабэу яшх, шатэ, шху, шэ и гъусэу, къалмыкъ шейм драф.

***Халъхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ):*** нартыху хьэжыгъэу - г 330-рэ, гуэдз хьэжыгъэу - г 260-рэ, пщагъэу - г 20, псывэу - г 570-рэ, пщагъэр зэрагъэтхкІуну псыуэ - г 70, шыгъуу, тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# ДжэгуакІуэмрэ и къуэмрэ

Зэгуэрым зы къулей гуэрым тхьэлъэІуишхуэ яІэти, Агънокъуэр я хьэгъуэлІыгъуэм хагъэтыну ираджащ. Агънокъуэм щІалэ цІыкІу иІэт, илъэс зыбгъупщІ нэхъ мыхъууи, ари игъэкІэсри, здэкІуэм здихьащ. ЩІалэ цІыкІум и пхэр шы тхыцІэ гъурым щІиудауэ нэсащ.

- КІуэ, мы шыр бом щІэгъыхьи, мэкъу ет! - жиІэри, Агънокъуэр джэгум, ефэ-ешхэм яхыхьащ.

ЩІалэ цІыкІум шыр шэщым щІишэри, шхуэмылакІэмкІэ шыр кІэщІ дыдэу ирипхщ, мэкъу дыгъэл Іэмбатэфl шыпхэм деж игъэтІылъри къыщІэкІыжащ. Зы дзэкъэгъуэ Іумыхуауэ шыр нэху щыхукІэ и ныбэ иуэжауэ шэщым щІэтащ.

Хьэгъуэлlыгъуэр зэфІэкІауэ, нэхущым деж Агънокъуэр къыдэкІыжыну унэм къыщІэкІыжащ. Шым шэсыжыну кІуэри, кІэщІу пхъэшыкъум епхауэ, мэкъур псори и пхэмкІэ щылъу щІэтт.

- А ныбэ узым ихьын, мыр мыпхуэдэу щхьэ пщІа?

- ЕсщІа щыІэкъым, дадэ, къысхуэгъэгъу! Шыр шхэнумэ, сэ сызытеса лъэныкъуэм мэкъу естащ, уэ узытеса лъэныкъуэми ептынумэ, ухуитыжт!

Агънокъуэм и джэгуэкІуэныр абдеж щыщигъэтри, и ІэщІагъэр и къуэм иритауэ жаІэж.

# Тэрээ гъэщІэгъуэн

Сримыхьэлlамэ, си фІэщ хъунтэкъым апхуэдэ тэрэзэ щыІэу. Пэжщ, зэхэсхырт зэрыщыІэр, ауэ си фІэщ схуэщІыртэкъым. АтІэ иджы, куэд щІакъым, си нэкІэ слъэгъуащ апхуэдэ тэрэзэ...

Зысшэчынщ, жысІэу тэрэзэм сызэрытеувэу, хьэлъагъыр къэзыгъэлъагъуэ стрелкэр занщІэу дэлъеящ. ШэчакІуэр Іэбэри, гырэ трилъхьащ. Стрелкэм зигъэхъейри, си хьэлъагъыр къэпща хъуащ: килограмм 80! «Флъэгъуа!» жысІэу, си пэр Іэтауэ, сыкъыщыІукІыжым, зы лІы къуэгъу цІыкІу гуэр къэсри тэрэзэм теуващ.

ШэчакІуэм, къыщылъэтауэ, абы и щхьэр хуегъэщхъ, «къеблагъэ, къеблагъэ, Чэрим!» жиІэу. Трилъхьа гырэшхуитІыр зэрытелъу, сеплъурэ стрелкэр долъей, ауэ шэчакІуэм ар зыкІи фІэгъэщІэгъуэн хъуркъым, мэІэбэри аргуэру зы гырэ нэхъ цІыкІуІуэ трегъэувэ.

- Килограмм 81-рэ, Чэрим! - жеІэ абы, лІы къуэгъу лъахъшэм хуэгуфІэу еплъурэ. ЛІыр арэзы хъуауэ ІуокІыж.

- ПцІы еупс уи тэрэзэм! - сокІий сэ. - Мо лІы цІыкІум апхуэдиз къишэчынкІэ Іэмал иІэкъым.

ШэчакІуэр щытщ, и пащІэкІэ щІогуфІыкІри. ИтІанэ си тхьэкІумэм гъунэгъу зыкъыхуещІри щэхуу къызжеІэ:

- Уэ пщІэрэ а лІыр хэтми? Ди объединенэм и унафэщІыращ! Ар есащ и мыхьэлъагъ и хьэлъагъыу псоми закъыфІигъэщІу. Армыхъуамэ, щІалэ, си тэрэзэм лажьэ иІэкъым. КъыбгурыІуа иджы? Ауэ умыпІащІэ, а ди унафэщІым къишэчыр зыхуэдиз дыдэр куэд мыщІэу къигъэлъэгъуэнщ си тэрэзэм!

Ар жиІэри лІыр и Іуэху и ужь ихьэжащ: «Ей, хэт зишэчыну иджыри?»

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**



## Ди жэмыжь

Мыжьу-мыжьу
Ди жэмыжь,
НатІэ хужьу
Угъурлыжь.
Шэ куэдыжьу
Къыдыбот -
ЦІыкІухэр
Дыбогъатхъэ.
Ауэ фІэфІкъым шэ
Тембот,
Ирагъэшх
Кхъуейжьапхъэ...

## Джэдкъурт



Къурт, къурт,
Джэдкъурт...
Сэ сошх хьэкъурт.
Джэджьей цІыкІухэр
Къыздэшэ.
Фэри фэстынщ -
Фыкъажэ.
Хугу ужьгъауэ,
Хугу гуауэ...

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Брежнев, Андропов, Черненкэ, Горбачев сымэ къэрал Іэтащхьэу щылэжьа зэманхэм СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІу щыта. **4**. ... апщий! - Іэщым пэрытхэм ирах хабзэ сэлам. 5. Хьэуар пхуримыкъуу, дунейм и хуабэгъуэ зэман. **9**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, КъурІэныр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІа. **10**. Куэсэ ... умыщІ. **11**. Дунейр щыуаем адэкІэмыдэкІэ трищІэ уэс пІащІэ. **12**. ЩоджэнцІыкІу Алий и усэхэм щигъафІэу щыта удз гъэгъа шакъафэ-къащхъуафэ. **15**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **16**. ... пэтрэ мэхъуапсэ. **18**. Сабий нэхъ цІыкІухэр джэдум зэреджэ хабзэ псалъэ. **20**. ...-тэбэ къуажэ. **21**. Мылъкум къигъэпщри къуэшхэр ...

***Къехыу:*** **1**. Шатэ е тхъуцІынэ гъэвэжам и щхьэм трещІэ. **2**. Ди къэралым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ. **3**. Бадзэм и ... макъ. **4**. ПщІий къызыпыкІэ жыг. **6**. ...-махуэми, си маршынэ къутар зэзгъэпцІыжащ. **7**. Іэ тегъэщІапІэ зиІэ шэнт. **8**. Композитор, КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ. **13**. Мэл зыхэвэ нэхърэ - ... зыхэпкІэ. **14**. ... къашэри, вынэ иращІащ. **17**. ... зытеха къэбыр ІэфІ мэхъу. **19**. Шым и кІуэкІэ. **20**. Гъущэ, псы зыщІэмытыж пхъэщхьэмыщхьэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



***Мазаем и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **2**. Уэчыл. **6**. «Нанэ». **8**. Узыр. **10**. Умэ. **11**. Напэ. **13**. ІумпІэ. **15**. Пэш. **17**. Набдзэ. **18**. КІапсэ. **19**. Усэ. **21**. Нэхущ. **23**. Анэл. **26**. Гъубж. **27**. Лъэмб. **30**. Уэрэд.

***Къехыу:*** **1**. Къунан. **2**. Уэ. **3**. Чымпэ. **4**. Лу. **5**. Армэ. **7**. Нып. **9**. Зым. **12**. Адакъэ. **14**. ПІастэ. **15**. Пэу. **16**. ШкІэ. **20**. Сабыр. **21**. Налъэ. **22**. Хуэм. **24**. «Нур». **25**. Лимэ. **28**. Бу. **29**. Уд.



Трусовэ Александрэрэ Щербакаковэ Аннэрэ.




Валиевэ Камилэ

# ГуфIэгъуэри гуIэгъуэри зэпэжыжьэкъым

***Пекин щекIуэкI XXIV ЩIымахуэ Олимп джэгухэм Урысей Федерацэм и атлетхэм иджыри медаль зыбжанэ щызыIэрагъэхьащ.***

ДОМБЕЯКЪ медалхэкIэ щхьэзакъуэ пашэныгъэр зыIыгъ ди къэралым иджыри зы къыхуихьащ фристайл-акробатикэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа **Буров Илья**. Абы и закъуэщ цIыхуих зыхэт суперфиналым Урысей Федерацэм щыщу нэсыфар. Иужьрей увыпIэм щыту къекIуэкI Буровыр кIэух пкIэгъуэм зэфIэкI лъагэ къигъэлъэгъуащ икIи домбеякъым нэс дрихьеящ. Илья къефIэкIащ чемпион хъуа Китайм и лIыкIуэмрэ Украинэм щыщ спортсменымрэ.

Олимпиадэм и епщыкIущанэ махуэм Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам медалитI къыхуихьащ. ТыгъитIри ди спортсменхэм щызыIэрагъэхьар фигурнэу къэжыхьынымкIэ зэпеуэрщ. Программэ кIэщIхэм иужькIэ пашэныгъэр иIыгъыу кIэух зэпэщIэтыныгъэхэм ирихьэлIа, Олимп джэгухэм и етIуанэ махуэм щыщIэдзауэ гукъеуэм къыхэмыкI Валиевэ Камилэ а спорт лIэужьыгъуэм дихьэххэр куэдкIэ щыгугът.

Ди къэралым и спортсменхэм ящыщу япэу мылым къытехьа **Трусовэ Александрэ** и гъащIэм спортым щиIа нэхъыфI дыдэ ехъулIэныгъэр къехъулIащ. Фигурнэу къэжыхьынымкIэ лIэужьыгъуэм япэу абы щигъэзэщIа пкъыгъуэхэм хуэдэ нэгъуэщIым хузэфIэкIыныр фIэщщIыгъуейщ. Александрэ къыкIэлъыкIуэу утыкум къихьащ **Щербаковэ Аннэ**. Апхуэдэ дыдэу фIыщэу зыкъэзыгъэлъэгъуа ди спортсменыр судьяхэм ягу дыхьащ икIи балл бжыгъэ хуагъэувахэм япкъ иткIэ Олимп джэгухэм я чемпион хъуащ. Трусовэ Александрэ етIуанэщ. Домбеякъ медалыр зыIэригъэхьащ Японием и лIыкIуэм.

Программэ кIэщIхэм япэ увыпIэр къыщызыхьа Валиевэм иужьрей къэжыхьыгъуэм щыуагъэ зыбжанэ щыIэщIэщIэри медалыншэ еплIанэ увыпIэм къыщыувыIащ. Камилэ хуабжьу дамыгъэ лъапIэм хущIэкъуащ, ар мылым къызэрытехьа къудейр лIыхъужьыгъэу къэплъытэ хъунущ. Ауэ мы Олимпиадэм абы къытепсыхьа гугъуехьхэр, шэч хэлъэкъым и зэфIэкIым зэран зэрахуэхъунур. Апхуэдэуи къэхъуащ. Иджы дытемыпыIэу дыпэплъэнщ Дунейпсо Олимп Комитетым и унафэм.

А махуэм зэхэта зэхьэзэхуэхэм ди спортсменхэм нэгъуэщI медаль зыри къыщахьакъым. ЛъэрыжэкIэ метр 1000-м къыщызэдэжэнымкIэ зэпеуэм еплIанэ увыпIэр къыщихьащ Голиковэ Ангелинэ. Домбеякъ медалыр зыIэрызыгъэхьа Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикIа Боуи Бриттани Ангелинэ къызэрыкIэрыхуар секунд 0,1-кIэщ.

ЩIымахуэ Олимп джэгухэм ски-кроссымкIэ финалышхуэр дыгъуасэ Пекин щекIуэкIащ. Абы домбеякъ медалыр къыщихьащ Урысейм и командэ къыхэхам и атлет **Риздик Сергей.** Иджырейр абы Олимпиадэхэм щызыIэригъэхьа етIуанэ медалщ – илъэсиплI ипэкIэ Пхёнчхан ар ещанэ щыхъуауэ щытащ.

Официальнэу щымыт гуп зэпеуэм я пашэныгъэр щагъэбыдащ Китайм щекIуэкI Олимпиадэм дыщэ медалу 15 къыщызыхьа Норвегием и спортсменхэм. Абыхэм тхукIэ къакIэроху нэмыцэхэр. Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ хэгъэрейхэмрэ олимп чемпионхэр дэтхэнэми спорт лIэужьыгъуи 8-кIэ зыIэригъэхьащ. Урысейм и Олимп комитетыр зэрыебгъуанэщ, ещанэ, еплIанэ увыпIэхэмкIэ псоми ефIэкIыу.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***XXIV ЩIымахуэ Олимп джэгухэм къыщахьа медалхэр***
*(мазаем и 19-м ирихьэлIэу)*

| Къэралыр | Дыщэу | Дыжьыну | Домбеякъыу | Псори зэхэту |
|---|---|---|---|---|
| **1.Норвегие** | **15** | **8** | **11** | **34** |
| **2.Германие** | **10** | **7** | **5** | **22** |
| **3.США** | **8** | **8** | **5** | **21** |
| 4.Китай | 8 | 4 | 2 | 14 |
| 5.Швеципе | 7 | 4 | 4 | 15 |
| 6.Швейцарие | 7 | 2 | 5 | 14 |
| 7.Австрие | 6 | 7 | 4 | 17 |
| 8. Нидерландхэр | 6 | 5 | 4 | 15 |
| **9.Урысей Федерацэ** | **5** | **9** | **13** | **27** |

# IэщIагъэм хуаунэтI

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым химиемрэ биологиемкIэ и къудамэм мы махуэхэм географиемрэ химиемкIэ хэгъэгупсо зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIащ. Абы хэтащ ди щIыналъэм курыт щIэныгъэ щызрагъэгъуэт и IуэхущIапIэхэм щеджэ, 10 - 11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэр.**

ЗЫУЭ щыт къэрал экзаменхэм щIадзэн ипэ къихуэу, я щIэныгъэр къапщытэну географиемкIэ зэхьэзэхуэм цIыху 11, химиемкIэ цIыху 50-м щIигъу хыхьащ.

УнэтIыныгъитIымкIэ гъэунэхуныгъэхэр сыхьэтитIым нэблагъэкIэ екIуэкIащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дерс щхьэхуэхэмкIэ иригъэкIуэкI зэпеуэхэр хуэунэтIащ ныбжьыщIэм и щIэныгъэр здынэсыр къэпщытэным, къэхутэныгъэ зэфIэкIыу бгъэдэлъыр, курыт еджапIэм зэрыщеджэ программэхэм япкъ иткIэ зригъэгъуэта щIэныгъэр зыхуэдэр къэщIэным, зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэм гъуэгу етыным. Дауи, дэ дыхущIокъу ныбжьыщIэхэм дяпэкIэ къыхахыну



IэщIагъэм теухуауэ щыIэ Iэмалхэр нэхъыбэ зэрытщIынум, абы щхьэкIэ еджам лъэкIынур зэрынэхъыбэр, апхуэдэ цIыхум гъуэгу зэригъуэтынур цIыхубэм зыхедгъэщIэну, къагурыдгъэIуэну. Сабий зэчиифIэхэм мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэмкIэ я фIэщ тщIыну дыхэтщ ахэр гулъытэншэу къызэрымынэнур», - жиIащ КъБКъУ-м цIыхухэм IэщIагъэрэ щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и къудамэм и унафэщI КIэрашэ Аксанэ.

Зэпеуэм кърикIуар КъБКъУ-м и сайтым мыгувэу къралъхьэнущ.

УнафэщIым зэрыжиIэмкIэ, зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ КъБКъУ-м щыщIэтIысхьэкIэ, ята зыуэ щыт экзаменхэм къыщахьахэм балл бжыгъэ пыухыкIахэр хухагъэхъуэнущ.

Мы мазэм къриубыдэу КъБКъУ-м анэдэлъхубзэхэмкIи зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIынущ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.076
Заказ №315